ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№159 (22.567) ● 2013 гъэм шыщхьэІуэм (августым) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КъБР-м и Іэтащхьэм и пощт

ФІыщІэ псальэхэр

Мазэ кІуам Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Интернет-сайтым тхыгъэ 240-м нэблагъэ кьралъхьащ.

АБЫХЭМ ящыщу 68-р теухуащ псэупІэхэр ухуэным, къэщэхуным ятыщІа Іуэхухэм. ЛэжьапІэкІэ ядэІэпыкъуну кьелъэІуу Кьанокъуэ Арсен зыкъыхуагъэзащ цыхуу 16-м. Тхыгъэхэр кьызыбгъэдэкІэм ящыщу цыхуу 26-р узышыгаъэр хьумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ, цыхуу 21-р псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьбзэхэр тэмэму зэрызэфІамыгъэкІым егъэпІейтей. Апхуэдэу тхыгъэу 7-м мыхьумыщІагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрыщыІэр, тхыгъэу 11-м зэфІегъэкІыпхъэу кьалъытэ Іуэху пыухыкІахэр кьыщыгъэльэгъуащ. ЩыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэхэм я лэжьакІэм, кьинэмыщІ Іуэхухэм топсэльыхь республикэм и цыхуу 80-р. Кьанокъуэ Арсен фІыщІэ кьыхуащІу зыкьыхуагъэзащ цыхуи 10-м.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Дакъикъэ лей диІэкъым

«Мэшыкъуэ-2013» Кавказ Ищхьэрэ щІалэгъуалэ форумым шыщхьэІум и 15-м егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэм цыщІидзащ. Проектым екъэІа дерсхэр пщэдджыжьым екІуэкІа нэужь, щхьэж и унэтІыныгъэм теухуа лекциехэм зэбгрыкІащ. Псалъэм папщІэ, «Информационные технологии» унэтІыныгъэм хэт ныбжьыщІэхэр «Секреты копирайтинга», «Механика социальной рекламы», «Блогер как активная гражданская позиция» лекцехэм щІэсащ.

КАВКАЗ Ищхьэрэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Мусаев Ражап къызэхуэсахэм къыджиІащ щЫналъэм блогер ІуэхущІафэм зэрызыщиужьым, абы кьыхэкІыу щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ абы гулытэ хэха хуащІыну кьыхуриджащ.

«Волонтерство» унэтІыныгъэр къыхэзыха щІалэгъуалэр щІэсащ цІыху мин 25-м я гупсысэр зэрыбунэтІынум, проектхэр зэхэлъхьэным и технологиер щызэрагъэпІа лекцехэм. Сэ кьыхэсха унэтІыныгъэр «Творчествэмрэ щэнхабзэмрэщ». Режиссурэм, проектированием нэхъ гъэщІэгъуэну узэрыбгъэдыхьэнум, нэгъуэщІхэми дыхурагъаджэ. ЩыщхьэуІум и 16 пщэдджьжьым щегъэжьауэ щІэныгъэр хэзыгъэхъуэ лекцехэр диІащ, итІанэ шоубизнесым хэлъ щхьэхуэныгъэхэм ІэщІагъэлІхэр кьытхутепсэльыхьащ. «Comedy Club» нэтыным и продюсер Ляпоров Алексей, театрымрэ киномрэ я актер Жалнин Ярослав, телевиденэм, циркым, кином я актер Гусенгаджиев Мухьтар сымэ гъэщІегъуэн куэд кьыджаІэжащ, я ІэщІагъэм и щэхуэхэм дыхагъэгъуэзащ. Хуабжьу гукъинэж хъуащ Псыхуабэрэ Абхъазымрэ я КВН гупхэм я ЫыкІуэхэр кьызэрытхыхьар. Абыхэми псальэмакъ щхьэпэ дарагъэдэІуащ.

«Мэшыкъуэ-2013» зэхьхьэр хуабжьу гъэщІегъуэну йокІуэкІ, лекцэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІэс зэныбжьэгъуэхэр кьыщІэкІыжа нэужь, зэдоГащэри, дэнэкІэ сыт щекІуэкІми зэрощІэ. Пщэдджьжьым сыхьэтипщІым щыщІэдзауэ, пщыхьэщхьэр хэкІуэтэху зы дакъикъи лейуэ диІэкъым, егъэджэныгъэ дерсхэмрэ лекцэ кьыхэхахэмрэ йокІуэкІ. КьыщыгнэмыщІауэ, абы хэмэ жьыджэру, псальэмакъым уи гупсысэр кьыщыгбгъэльэгъуэу уэхэтын хуейщ, иужькІэ сэбэп кьыпхуэхъужьыну гулытэхэр зэхуэпхьэсын папщІэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент.
Псыхуабэ къалэ

■ ЗэІущІэхэр ■ Хъыбарыщіэхэр ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Фэеплъ ■ Щбгт къыдэкІыуэ ■ Малъхъэдис

● Улахуэхэр

КъБР-м щыхохъуэ

Мы гъэм и апэ мазихым республикэм ику ит улахуэр сом 17293-рэ щыхъуащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 15,4-кІэ нэхъыбэщ. Зэрыщыхуэ увсхэм зэрыхьхуэм тащІыхьауэ, нобэ екъыщуу къыІэрыхьэм иджы процентри 5,9-кІэ нэхъыбэ къыщІокІ.

Къэбэрдей-Балъкъэрстатыр и тегъэщІапІэу, республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм социальнэ ІуэхухэмкІэ и кьудамэм кьыззрыщыджаІамкІэ, мэкъуауэгъуэ мазэм *ику* ит улахуэр сом 18753-м нэсащ икІи абы процент 16,7-кІэ хэхъуащ.

УФ-м и Президентым и Указхэм ялкъ иткІэ, бюджет Іэнатіэхэм ику ит улахуэр кьызэрыщаІэтам я Іуэхур щІигъэпсынщащ. Къапщтэмэ, егъэджэныгъэмрэ узышыгъэр хьумэнымрэ я Іэнатіэхэм ику ит улахуэм процент 27-кІэ, процент 42-кІэ щыхагъэхъуащ икІи ахэр, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, сом 17598-м, сом 17190-м нэсащ.

Ухуэныгъэм и Іэнатіэхэми нэгъабэ и мэкъуауэгъуэ тльандзрэ мазэ хьэкъым хуэдэ зырэ пщІаниткІэ щыхэхьуащ. Мы зэманым ар сом 14186-рэ мэхъу.

БАЛЪКЪЭР Мылэ.

● Губгъуэ лэжьыгъэхэр

ПІальэхэм апэ иту

Нобэ ирихьэлІу Къэбэрдей-Балъкъэрым кІэрІофу тонн мин 98-м нэблагъэ е гъэ кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 35-кІэ нэхъыбэ къыщатІыжащ. И бэвагъкІэ нэгъабэрейм къыкІэрыхуркъым - гектарым хуэзэу центнери 180-рэ къыщІокІ.

КЪИЩЫНЭМЫЩІАУЭ, хадэхэкІхэри еужьэрэкІыу кьрахьэлІэж. Мы зэкІэ тонн минри 178,5-рэ зэщІакъуэжащ. Ар нэгъабэрей бжьыгъэм процент 24-кІэ ибобэкІ.

Мы мазэ гъунэгъуэхэм нарыху гъавапхъэмрэ сэхуранымрэ Іухьижьи щІадзэнущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

ХадэхэкІхэр кърахьэлІэж

Лэскэн районым и бэджэндырылажьэхэм хадэхэкІхэр кърахьэлІэж.

ЩЫНАЛЪЭМ гъавэ щІапІэу иІэ гектар 15460-м щыщу 3900-м щІигъуэ мы гъэм а къэкІыгъэхэм хухахащ. Нобэ ирихьэлІэу тонн 6850-рэ зэщІакъуэжащ. Пэублэу кьызэрабжамкІэ, псори зэхэту тонн мин 68-рэ кърахьэлІэжынущ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ республикэм и щІым щыщу процент 4,2-рэ фІэкІа зымыІыгъ, цІыхуу щыпсэуи и процентри 3,2-рэ нэхъыбэ зэрымыс Лэскэн районым Къэбэрдей-Балъкъэрым зэкІэлъыкІыщ къыщатэжьыи процентри 8,9-р зэрыхуэзэр.

ЕРОКЪУЭ Залинэ.

Дунейм щыкъыІэрхэр

ЦІыхухэм я дежкІэ зэран?

Москва и уэрамхэм тхьэрыкъуэ куэд дыдэ зэрыщыІам егъэпейтей кьалэдэсхэр...«Сыт хуэдэ узыфэ абыхэм кьаІфыкІыр, ар цІыхуэм и дежкІэ щынагъуэ?» - апхуэдэ упщІэхэмкІэ цІыхухэм зыхуагъазэ дохутырхэм.

Къэралым и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ Геннадий зэрыжиІамкІэ, тхьэрыкъуэхэм сальмонеллез къапкърыхьауэ араща икІи абы и зэран кьалэдэсхэм екІынукъым. Абы и къуэдзэ Алексеенкэ Алексей тхьэрыкъуэхэр лъэрыщыкІ зыщІыр емынэ узыфэр арауэ нэхъапэІуэкІэ игъэІуа хьыбарыр зэрымыпэжри кьыхиГъэщащ «Роспотребнадзор»-м и унафэщІым.

«ЦІыхуэхэр щІэгуэвэн щыІэкъым. Ньюкасл и узыфэ жьыуаІэри, бзу пыухсыхури, емынэри, тхьэрыкъуэхэм кьаІфыкІыу жьыуаІэ нэгъуэщІ узыфэ лІэужьыгъуэхэри, цІыхуэр абыхэм кьащІэлэнкІэ хьуну кьызэралъытэри - псори пэжкъым», - жиІащ кьалащхьэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм и кьалэнхэр пІальэкІэ зыгъэзащІэ Печатников Леонид.

Апхуэдэу щытми, ІэщагъэлІхэм жаІащ гъэмахуэкІэм тхьэрыкъуэхэм узыфэ зэрыщІалэхэр кьайуалІэ хабзэу икІи цІыхуэхэм чэнджэщ ират щэч зыхуащІ бзухэм емыІусэну. Сабийхэм е езыхэм тхьэрыкъуэхэр кьащтамэ, я Іэгум ирагъэшыкІамэ, я Іэхэр быдзу ятхъэщыжьым хуейщ.

Псыутх тельыджэ

Санкт-Петербург и Ипщэ-Приморскэ паркым щагуІыпщащ а кьалэм цыхэхь ни дыдэхэм ящыщу кьалъыгъэ псынутхыр.

Ищхьэрэ кьалащхьэм и дамыгъэ нэхъыщхьэу куэд щІауэ щытщ псыутх тельыджэхэр икІи мыри умыгъэщІагъэуэн пльэмкІ. Кьыу дахэщ икІи инщ. Абы метрищэ и кІыхьагъщ, метр тІощІ и бгъуагъщ, бжьамитф 225-м кьируатыкІ псыр метр 16-кІэ докІуэй.

Ар щыуГыпщ махуэм уэлбанэщхуэ кьатехьуами, Іуэху дахэр ягъэІэпхъуакъым, сыту жьыпІэмэ, абы и «зэфІэкІыр игъэльэгъуэну» мы гъэм кьыхуэнэжар машІэ дыдэщ. Мазэм щитгу дэкІмэ, псыутхыр ягъэувыІэжьынущ, щІымахуэ щІагъэкІын щхьэкІэ.

Мы махуэхэм

ЩыщхьэуІум и 17, *щэбэт*

♦1771 гъэм Екатеринэ ЕтІуанэм къэбэрдей цІыхубэм щрагъэкІуэкІа зэпеуэ-епльыныгъэм Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ щытекІуащ икІи -2012 гъэм Мэзкуу и спортсмен нэхъыфІ щІэр-кьыхуагъэфощащ. Ар дунейпсо классымкІэ спортым и мастерщ икІи къэкІуэну дахэ зиІэщ.

Болгарием щекІуэкІа дунейпсо зэпеуэм Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхар щытекІуащ. Абы и спортсменхэм дыщэ медалу пІыр дыжьынрэ жэзу зырызрэ зыгъэразэхъащ икІи очко 65-рэ кьалэжьащ. Адэкіэ кьакІэлъокІуэ Азербайджанымрэ (очко 47-рэ) Иранымрэ (42) я бэнакІуэхэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Щытхъу тхыпІ кьаритащ.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэ, Мысырым щыщ ди лъэпкъэгъу, мамырыгъэр хьумэнымкІэ Дунейпсо Ленин саугъэтым и лауреат **Хьалид (Жэмбей) Мухьэдин** кьызэралъхурэ ильэс 91-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэркъуахьуэ Инус** кьызэралъхурэ ильэс 85-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ артист, уэрэджиІакІуэ щІэрыІуэ **Магомаев Муслим** кьызэралъхурэ ильэс 71-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ **Абдокъуэ Станислав** и ныбжьыр ильэс 67-рэ ирокъу.

♦ТхыдэщІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэш Мырзэбэч** и ныбжьыр ильэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык пшэрэ техьэтекІыу щыщытынущ, шэджагъуэм уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щыхьэнущ.

ЩыщхьэуІум и 18, *тхьэмахуэ*

♦УФ-м и Хьэуа флотым и махуэщ

♦1941 гъэм КъБР-м тхьэмахуэ щыхьэху щекІуэкІащ. Абы кьыщалэжьа сом мин 300-р Зыхьумэжьныгъэм и фондым халъхьащ.

♦Къэрал лэжьакІуэ, генерал-лейтенант **Ешыгуауэ Руслан** и ныбжьыр ильэс 64-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, радиожурналист **Вындыжь Марие** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхьунущ.

ЩыщхьэуІум и 19, *блыщхьэ*

♦Гуэвэгъуэ хэхуахэм защІэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ

♦1942 гъэм Кьардэн Кьубатий Елъхьуэт (Осетие Ищхьэрэ) и дежкІэ бийм и кьхъльатитІ кьыщиридыхащ.

♦1991 гъэм ГКЧП-м СССР-м чрезвычайнэ щытыкІэ щигъэуват.

♦СкульпторУэзы Заурбэч кьызэралъхурэ ильэс 82-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ **БицІо Анатолэ** и ныбжьыр ильэс 78-рэ ирокъу.

♦ТхыдэщІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерэ** кьызэралъхурэ ильэс 64-рэ ирокъу.

♦Режиссер, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ **Дэбагъуэ Роман** и ныбжьыр ильэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 29-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхьунущ.

ЗыгъэхъэзыІар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ** Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Абрэмывэ пэт зы пІэм илъкъым.

● Хъыбар гуапэ

Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ дунейпсо дыщэр къытхуехь

Альдж-урым бэнэкІэмкІэ ныбжьыщІэхэм Болгариемрэ и къалащхьэм щрагъэкІуэкІа дунейпсо чемпионатым Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ щытекІуащ.

КИЛОГРАММ 84-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм Бахьсэн районым щыщ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм кьыщалъхуа ди щІалэм кьыщыпэльэщын кьыхэкІакьым - абы и хэхрэхэрэгъу псори хигъэщІащ икІи дуней псом и чемпион хуащ. Финалым абы кьыщытридзащ Иранымрэ икІа Гадериан Юсеф Ахьмэд.

Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ, нарт лІыхъужьхэм хуэдэу, уащхьуэдэмыщхъуэу нэгъабэ лъандэрэ текІуэныгъэ ин зыбжанэ кьэсх. ЯщэщыкІэ ар Урысей Федерацэм щынэхъыфІ хуащ. КъыкІэльыкІуэу Европэм пашэныгъэр щыбидащ. Иджы чэзыр дуней псом къыхьисащ.

Сосрыкъуэ Мэзкуу дэт ФизкультурэмкІэ институтым щоджэ. Ар зэрысабий лъандэрэ спортым дехьэх. Абы и ягъэ тренеру щытащ ди республикэм щыщІэрыІуэ Тезадэ Хьэсэн. Иджыпсту ар егъасэ Кьардэн Анзор.

Урысей Федерацэм и щыхьэрым и Ипщэ-КъухьэпІэ административнэ щІыналъэм мы гъэм и пэщІэдзэм щрагъэкІуэкІа зэпеуэ-епльыныгъэм Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ щытекІуащ икІи -2012 гъэм Мэзкуу и спортсмен нэхъыфІ щІэр-кьыхуагъэфощащ. Ар дунейпсо классымкІэ спортым и мастерщ икІи къэкІуэну дахэ зиІэщ.

Болгариемрэ щекІуэкІа дунейпсо зэпеуэм Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхар щытекІуащ. Абы и спортсменхэм дыщэ медалу пІыр дыжьынрэ жэзу зырызрэ зыгъэразэхъащ икІи очко 65-рэ кьалэжьащ. Адэкіэ кьакІэлъокІуэ Азербайджанымрэ (очко 47-рэ) Иранымрэ (42) я бэнакІуэхэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Нэгузыщжьу екІуэкІынущ

Пщэдей Урысейм и Хьэуа флотым и махуэр Іэтауэ щаГъэлъэпІэнущ Прохладнэ кьалэмрэ районымрэ. «Прохладнэм и уэгу» зыфІаща гуфІэгъуэ зэхьхьэр кьыщыІэзрагъэпэщыщу кьалэ стадионым. Абы я зэфІэкІыр щаГъэльэгъуэнущ парашют спортым дихьэхъэм.

Хьэуа спортым и махуэм и кьызэгъэпэщакІуэщ Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Прохладнэ кьалэ округымрэ я щІыналъэ администрацэхэр, «КъБР-м парашют спортымкІэ и федерацэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр, КъБР-м щыІэ МВД-м и авиагуп зэгуэтыр, «Урысейм и ДОСААФ» зэгухьэныгъэм и щІыналъэ кьудамэр.

ГЛАШКОВЭ Еленэ.

ІУЛЬХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралъхьым е ялэжьыну зэрыгъагъэхъэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманым фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Дунейпсо республикэхэм

Адыгэ кхъужьым и махуэ

АДЫГЕЙ. ***Нобэ «Руфабг псыкъэльэхэр» утыкум «Адыгэ кхъужьым и махуэ» зэхъыльэжьыгъэ щекІуэкІынущ. Адыгейм Гурэмымэрэ курортхэмкІэ и комитетыр и щІыгъэкъуэнкІэ ар «Руфа-Тур» ЗАО-м кьызэригъэпэщащ.***

ИЛЪЭС етІуанэ хьуауэ ирагъэкІуэкІ махуэшхуэм сыхьэт 11-м и ныкъуэм щІидзэнурэ пщыхьэщхьэ хьуху кьыпищэнущ икІи «Кавказ» гупым и концерткІэ иухынущ. Абы кхъужьІэхэр псычкъелъэм пэмыжьжьэу лІэщІыгъуэ куэд хьуауэ кьыщыкІ кхъужьей жыгхэм дэпщІеину, кхъужь кьыпачу зыІуагъэхуэну кьызэрагъэпэщынущ. Кхъужьыпсхэр, шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр утыку кхърахьэнущи, абыхэм я Іэфіагъэр зрагъэщІэну Іэмал яІэнущ. Зэпеуэ, викторинэ, джэгу зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэкІуэкІынущ.

Адыгейм и щІыпІэ тельыджэхэм ящыщу, Кавказ Ищхьэрэм и тхыдэм мыкъэнэшхуэ щызыІэ гъэщІэгъэнэщ, адыгэ жыгГъэкІыным и щхьэхуэныгъэщ пасэрей адыгэ жыг хадэхэр. Махуэщхуэм и мурад нэхъыщхьэр лъэпкъ хабзэхэр кьэІэтыжьынырэ, абы щІалэгъуалэр дегъэхьэхынырэ, Адыгейм и пасэрей унэцІэхэм я тхыдэм, адыгэ щэнхабзэм и кьежьапІэм гу лъегъэнырщ, а псоми кьыдэкІуэу кьыддэгъуэгурыкІуэ хабзэхэр, тауральхъэр, тхыдэм кьыщыхуаГэр зэфІагъэуэжьэкІэрэ, турист нэхъыбэ кьрашэлІэнырщ.

Сочэ щыззІуощІэ

АБХЪАЗ. ***Урыеймрэ Абхъазымрэ я президентхэр шыщхьэуІум и 15-м Сочэ щыззІуощІащ. Путин Владимиррэ Анкваб Александррэ лъэныкъуитІыр зэрызэдгъэжьэнум тепсэльыхьащ.***

Я ЗЭДЗЭЛЭжьЭНЫГЪЭ-зэпыщІэныгъэхэм кьыдэкІуэу, кьэрал Іэтащхьэхэр кьытеувыІащ Абхъазым и Гагрэ, Очамчыр районхэм кьыщеха псыдзэм кьрикІуам и лъужьхьэр гъэкІуэдыжьным, абы текІуэдэну мылкъум и хэкІыпІэхэм.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, мы гъэм и бадзэуэгъуэ - шыщхьэуІу мазэхэм Абхъазым и языныкъуэ щІыналъэхэм уэшхышхуэ кьыщешхащ. Абы и зэран екІащ псэупІэ унэхэм, хэщІыныгъэ яГуэтащ мэкъумэш хозяйствэм, ухуэныгъэхэм.

ЩІы Іуэхум топсэльыхь

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрэзов Рашид Мыпхъумрэ щІы Іуэху зэхущытыкІэхэмкІэ министерствэм кьалэн щиІащ мэкъумэш хозяйствэм хуэузнэтІа щІыкІэр муниципалитетхэм я нэІэ щІигъэувэну.***

- АДМИНИСТРАТИВНЭ лъэпощхьэпохэр дгъэмэщІэн папщІэ Черкесск кьалэм кьеГъэщІылІа щІыкІэр муниципалитетхэм я унафэм нэгъабэ щІэдгъэуащ. Абы и сабэп екІащ хьэрычтыщІэхэми, кьызэрыгуэкІ кьалэдэсхэми икІи щІу Іуэхур зэфІахын папщІэ лъэІукІэ министерствэхэр кьызэхакІуэхьн хуэижьхьым,- жиІащ Темрезовым.

Апхуэдэуи Іэтащхьэм кьыхиГъэщащ кьэрал, муниципальнэ Іуэхутхьбзэхэр егъэфІакІуэн, нэхъ псынщІагъуэ щІын зэрыхуейр. Абы папщІэ псори зэгъэуІуаГэ щызэфІах центр кьызэІуахащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ФІыщІэ псалъэхэр

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Сабий куэд зиІэ, Бахьсэн кьалэм щыпсэу Доткъул Марианэ хьрычэт Іуэхущапсэу щхьэхуэ кьызІэуихыну и мурадщ икІи абы папщІэ ахьшэкІэ дэІэпыкьну республикэм и Іэтащхьэм лъэпкІэ зыкъыхуигъэзащ. Кьанокъуэ Арсен и унафэкІэ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щыІубзыр щыгъуазэ ящІащ «2012 - 2015 гъэхэм хьрычэт Іэнатіэ мыинхэмэ я курытхэмрэ зегъэужьыныр, абыхэм ядэІэпыкьуныр» республикэ программэ хэхам хиубыдэу республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм дзыхьхьэкІуэ мазэм сом мин 300-м нэблагъэ субсидиехэр иратын папщІэ конкурсхэр зэрырагъэкІуэкІыну щыкІэм. Абы хэт хьунущ щІалэгъуалэ хьарычэт Іуэху езыгъэжьэну зи мурадхэр (- щыхуэ щхьэхуэу ильэс 30-м щІимыгъуахэр, апхуэдэу зи ныбжьыр ильэс 30-м щхьэдэмыхьахэм кьызэрагъэпэщащ юридическэ Іэнатіэхэр). Апхуэдэу субсидиехэр хухахьнущ иджырей жыг хадэхэр хэсэнмкІэ, хадэхэкІэ зэрагъэпэщащ юридическэ Іэнатіэхэр). Апхуэдэу субсидиехэр хухахьнущ иджырей жыг хадэхэр хэсэнмкІэ, хадэхэкІэ зэрагъэпэщащ юридическэ Іэнатіэхэр). Апхуэдэу субсидиехэр хухахьнущ иджырей жыг хадэхэр хэсэнмкІэ, хадэхэкІэ зэрагъэпэщащ щыгъэкІыныкІэ проект нэхъыфІхэр зэхэзыльхьахэм. Абы кьыхэкІыу конкурсым хэт хьунущ КъБР-м и Іэтащхьэм лъэпкІэ зыкьыхуэзыгъэзэ щыхубзыр. Зэпеуэр зэрекІуэкІыну нэхъ зэпэщыхьауэ щыхьхуэм щыгъуазэ зыщащ хьунущ езы работ администрацІэхэм.

«Дэшхуэ хадэр» зи зыгъэпсэхупІэ сабийхэм я анэхэм кьабгъэдэкІыу КъБР-м и Іэтащхьэм зыкьыхуигъэзащ Налшык щыщ Ягужян Татьянэ: «ФІыщІэ ин пхузощІ мы щІыпІэм сабий джэгупІэ зэрыщІегъэщІам кьыхэкІыу. Ауэ сыпольэІуну сыхуейт нэхъыщІэ дыдэхэм папщІэ пшахьуалъэ джэгупІэ кьызэребгъэзгъэпэщыну». Кьанокъуэ Арсен и унафэкІэ а лъэІур игъэзащІащ Налшык кьалэм щэнхабзэмкІэ и парк-хэм я зэгухьэныгъэм.

«Искож» хьэблэм щыпсэуэхэм я щэнхэ Мусукаевым и уэрамым пэгъунэгъу спорт губгъуэ щыкІыр щІэуэ кьызэрахухьажам папщІэ КъБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ кьыхуигІащ Пажитновэ Наталье: «Иджы ди сабийхэм хуиту топ кьраухьэкІ нэхъу, гъуэгум тельэдэнкІэ мышыІэну. Апхуэдэу хэхаэу фІыщІэ яхудощІ махуэм жэщри пагъэувэуря лэжьа икІи псори зыхуей хуэзэу зэтезыгъэувжьа лэжьакІуэхэм».

Фигу кьэдгъэкІыжькІыщ Щэджэм районым щыпсэуэхэм кьагъэхьа тхыгъэхэм ящхьэ, ятІонэрэ, КъБР-м и Іэтащхьэм кьэпщытэныгъэ хэха зэрыригъэкІуэкІар. Кьапщтэмэ, ахэр кьэлъэІуэу щытащ Щэджэм ЕтІуанэ кьуажэм Лениным и цІэр зезыхьэ и уэрамырэ «Кавказ» федералыр гъуэгурэ я зэблэкІыпІэм светофор трапъэрэну. А щыпІэм Кьаныкьуэ Арсен езыр кІуэри епІащ. Ар ятІонэрэ икІи зыхуэфащэ министерствэхэмрэ щІыналъэ администрацІэм и Іэтащхьэхэмрэ унафэ яхуищащ мы Іуэхур икІыщІыпІэкІэ зэфІагъэкІыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапі

● Къэрал Іуэхущапісэхэм

Кууэ хагъэгъуазэ

ПэщІэдзэ, курыт, профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапІэхэр къэзыуха ныбжьыщІэ 334-м Іэнатіэкі кьыззэзыгъэпэщ Іуэхущапісэхэм мазиблым кьриубыдэу зыхуагъэзащ.

КъБР-м щыхуэхэм лэжьапІэ кьахуэзэылъыхьэу и кьэрал комитетым и унафэщІм и кьуэдзэ Гугъуэт ФатІимэ зэрыжиІамкІэ, щышхьэІуэм и 1-м ирихьэлІэу абыхэм ящыщу 138-м я Іэзагъэм хагъэзауащ. 77-р еджапІэ нэхъыщхьэ кьауахуэ, 5-р пэщІэдзэ профессиональнэ щІэныгъэ яІэу кьыхахащ. Ахэр Іэщагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм кууэ хагъэгъуэзащ, хуагъэсащ. Апхуэдэщ инженер, медсестра, туризмымкІэ менеджер, ветэзджакІуэ, социальнэ лэжьакІуэ, экономист, юрист Іэщагъэхэр.

Профессиональнэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт еджапІэхэм кьыщІэкІэхэр стажировкэ зэрагъэкІуэнум теухуа зэгурыІуэныгъэ Іэнатіэ 80-м щІигъум иращыкІащ. Абы и ІэныкьуэкІэ егъэджакІуэхэр, социальнэ лэжьакІуэхэр, медицинэ Іуэхущапісэхэр, «Налшык» банкыр, нэгъуэщІхэри щыхуэхэм лэжьапІэ кьахуэзэылъыхьуэхэм нэхъ жыджэру ядолажьэ.

КъБР-м Щыхуэхэр Іэнатіэкі кьызэгъэпэщыныкІэ и кьэрал комитетым и пресс-Іуэхущапі.

● ЩІэ

«Бжэ зэІухахэр»

2013 гъэм щыщхьэуІум и 13-м Урысейм Суд приставхэмкІэ и федеральнэ Іэнатіэм КъБР-м щІэ кьудамэм и лэжьакІуэхэм «Бжэ зэІухахэр» ирагъэкІэкІащ. Ар кьыщызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэм щыІэ апхуэдэ Іуэхущапісэ псомкІэ. КьыхэгъэщхьэхукІэн хуейщ мыпхуэдэ Іуэхуэхэр щІэх-щІэхьыгъэ республикэм зэрыщызэфІахыр.

НэХЪАПЭМ кьагъэсэбэпу щытар щыхуэхэм хьыбар зэрырагъащІэ Іэнатіэхэрщ. Иджы щІэуэ телефоныр кьыхьыкащ, суд приставым зэрыриджэмкІэ хьыбар езыгъащІэ СМС-хэр хуагъэхьащ ІэмалышІэ ящыкІ кьагъэсэбэпу щІадзауэ аращ. Щыхуэхэ зытелъым хуагъэув ар ипщынэжьын папщІэ Іуэхущапісэм екІуэлІэну. ЖыІэн хуейщ СМС-р яІэрыхьа нужь щыкІыу куэдыр езыхэм яфІэфІу суд приставхэм я лэжь зэрыкІуэр. ГъащІэм кьыззэригъэльагъэщи, апхуэдэхэм я нэхъыбэр щыкІыу мащІэ зытелъхэрщ. Я зыныкьуэхэм ящІэхэртэжым ар кьытехуауэ. Арат щЭмыкІуэри.

«Бжэ зэІухахэр» Іуэхум зэрыщІадзэрэ Іуэхущапісэм щыхуэ зытелъхэм я ІыригъэхьащІ СМС-хэыбархэу 580-м щІигъу. Абыхэм кьыщыгъэлъэгъуащ щыкІуэу ятелъыр зыхуэдизыр. Абы кьыдэкІуэу щыкІуэм зэхэгъэкІыфынущ ар кьыззэрытехуэрэ щыкІэр. Шэч хэлъкьым ІэмалышІэм гъуэгу зэрригъэтынум.

АЛЬТУД ФатІимэ.

● ГъэмахуэзыгъэпсэхупІэхэм

Я лэжьыгъэм кІэлъоплъ

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм деж щыІэ Жылагъуэ советым хэтхэмрэ министерствэм и Іэщагъэлэжьмрэ «Кавказ» санаторэм кІуащ икІи сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр кьызэрызэрагъэпэщыр, я узынщагъэм зэрыщІэлъыплъыр кьащтащ.

ИДЖЫПСТУ абы Шэщэным, Ингушым, Дагъыстэным Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Къэбэрдей-Балькъэрым, Астрахань областым щыщу ныбжьыщІэ миным ныэ щыІэщ. Я Іуэхуэр зытетым теухуауэ апхуэдэу урысыбзэр, адыгэбзэр зэгъэщІэным хуэгъэза джэгукІэ гъэщІэгъуэнхэр ирагъэлъэгъуащ.

САБИЙХЭР я махуэм кьезышэжьІахэм яхэта, Хьэсэней кьуажэм и администрацІэм и лэжьакІуэ Гузеевэ Анжелэ кьыджкІащ: «Зауэр псом хуэмыдзу сабийхэм я дежкІэ гъэзвэгъуэщхуэщ. Ахэр кьызыхуалъхуэр гуфІэгъуэрщ, дахагъэрщ. Иджы щыкІуэхэм Іэмал зэрпІэкІэ нэхъыбэрэ ягу хэгъэхьуэн хуэядж.

Мы Іуэхур кьызэзыгъэпэщахэм я мурадщ адэкІи лэжьыгъэм пащэну икІи я гулыитэр сабий зеинэжьэм, зи узынщагъэкІэ гуныкьуэгъуэ зиІэхэм хуаунэтІыну.

УЯНАЕВЭ Заринэ.

● Фестиваль

Мэшыкъуэ дунейпсо утыку хъунущ

Дуней псом щыцІэрыІуэ WOMAD фестивалыр фокІадэм и 21 - 22 махуэхэм Псыхуабэ щекІуэкІынущ. Абы и кьыззэгъэпэщакІуэхэм мы махуэхэм кьызэхакІуэ Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэр.

" ПОСЕТИ Кавказ» социальнэ проектхэмкІэ фондым и Іэтащхьэ Катаев Андрейрэ WOMAD Russia компанием и арт-унафэщІ Чепарухин Александррэ бэрэжьей щІуан Налшык щыхьэщІащ икІи фестивалым и зэхэлъыкІэм, ар Урысейм кьызэрысам, Кавказым зэрыщекІуэкІынымрэ хэтынухэмрэ теухуауэ КъБР-м и журналистхэм ядэгъэщащ.

ХьэщІэхэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэм и лэжьакІуэ Пащэ Рамед. Абы кьыжигъэщащ дуней псом щІэупщІэ щызэпІэкІуэкІуэхэмрэ кьэфакІуэхэмрэ хэтыну зэрырагъэблэгъам мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

WOMAD фестивалым кьежьапІэ хуэхъуамрэ абы и щхьэхуэныгъэхэмрэ зэфІагъуэу тепсэлыхьащ.

- Дунейпсо макъамэ фестиваль нэхъ ин дыдэу ЩІы хьурейм щекІуэкІэхэм ящыщщ WOMAD зэхьыхэр. Ар 1980 гъэм кьызэригъэпэщауэ щытащ музыкант, продюсер щэрыІуэ Габриэль Питер, - жиІащ Катаевым. - А макъамэ зэхьыхьэщхуэр Урысейм кьэтщэну мурад щытщІам щедгъэжьІкІыну щыпІэр куэдрэ кьэтлъыхьуащ. ЩІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм дыщепльащ, ауэ псори дызэакьылэгъуэ Псыхуабэ дэт Мэшыкьуэ бгым и Іэшэльашэр кьыхэхтащ. Сыт и лъэныкьуэкІи а Іуэхум хуэхьэщр а щІыпІэм фокІадэм щызэхуэсынущ Кавказ Ищхьэрэм, Урысейм, дуней псом щыщу world music жанрым ирилажьэ музыкантхэр, кьэфакІуэ ансамблхэр, щыкІуэ ІэпщІэльапІэхэр. А махуитІым кьриубыдэу уэрэд щыжаІэ, кьыщыфэ утыкуитІ лэжьэнущ. КьыщынэмыщІауэ, мастер-классхэр екІуэкІынущ, кьызэхуэсахэр творческэ жьджьрагъашх хашІу. Апхуэдэуи «Іьэпкь пщІантІэхэр» кьызэІуахынущ, щхьэж иІэ щхьэхуэныгъэмрэ ІэпщІэльапщІагъэмрэ щагъэльагъуэу, щащэу.

Мы Іуэхур зыхуей хуэзэу кьызэгъэпэщауэ, шинэгъуэншэу екІуэкІын папщІэ, Ставрополь крайм и унафэщІхэр кьыдгІэпыкьунущ, кьыщынэмыщІауэ Кавказ Ищхьэрэм и хэгъэгухэм Щэнхабзэмкі я министерствэхэм иджы щыщІэдзауэ дадолажьэ.

Катаевым и псалъэхэм кьыпищу Чепарухин Александр жиІащ ильэс 30-м кьриубыдэу WOMAD фестивалыр 160-рэ кьэрал 27-м зэрыщекІуэкІар, щІыхь мелуан бжьыгъэм ягу зэрыдыхьар.

- Апхуэдиз ильэсым кьриубыдэу макъамэ зэхьыхьэщхуэр Урысейм кьыщысар иджыщ, - жиІащ абы. - Кавказ Ищхьэрэм зэрыщедгъэкІуэкІым и мыхьэнэм и гугъу щыІэм, фи щІыналъэр дунейпсо утыку зэрыриІэнэм щэч хэтыкьым, кьэрыкьымыщІауэ туристхэр куэду кьыдихьэхынущ. Ар псалъэ кьудеИуэ аракьым, атІэ WOMAD фестивалыр щекІуэкІа щІыпІэ псомкІэ гъэльэгъуэрэ абы кьыпэкІуэ сэбэпынагъэ псорн.

МахуитІым и кІуэцІкІэ Мэшыкьуэ Іуащхьэм и Іэшэльашэм музыкант нэхъыфІхэм зыкьыщыгъэльэгъуэнущ. Псальэм кьыдэкІуэу жьапІэмэ, абы кьэкІуэнущ Гаспарян Дживан, Пелагея, Ска Кубано, El Tanbura, Катамадзе Нино, Намгар, Желанная Иннэ, Архиповский Алексей, Старостин Сергей, «Жили-были» гупыр, Dona Rosa, Dobet Gnahore, нэгъуэщІхэри. Гу зэрыльыфтащ, мыхьэр мыльку зэрагъэпэщын щхьэкІэ шоу-бизнесым хэт уэрэджьІалъхуэр аракьым, атІэ зи льэпкь щэнхабзэр, Іуэрыіуатэр зыхьумэ, пщІэ хуэзышІ гъэзэщІакІуэхэрщ.

ЗэІущІэм и кІэуэм хьэщІэхэм журналистхэм я упщІэхэм жэуап ятратащ. Пащэ Рамед жиІащ Къэбэрдей-Балькъэрым кьыбгъэдэкІыу «Балкария» кьэрал кьэфакІуэ ансамблир, КъБР-м, нэгъуэщІ республикэхэм я цІыхубэ уэрэджьІакІуэхэу Сокъур Олыгэрэ Газаев Алимрэ, апхуэдэуи уэрэджьІакІуэ ныбжьыщІэхэм ящыщ зыбжанэ WOMAD фестивалым ягъэкІуэну кьыззэрыхахар.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Іэпхъуэшапхъуэхэр

ПІалъэкІэ щыІэн папщІэ

Прохладнэ куейм щыІэ Придорожнэ кьуажэм 2014 гъэм и пэщІэдзэм кьыщызэІуахынущ «Нэгъуэщі кьэралхэм я цІыхуэмрэ Урысей Федерацэм и щІыналъэм ирагъэкІыжьын хуейхэмрэ пІальэкІэ щагъэпсэуну центр».

УФ-м и Президентым пщэрыль кьыщищІахэр игъэзащІэурэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен мы Іуэхум теухуауэ КъБР-м кьыщыдэкІа законым 2012 гъэм и гъатхэпэм Іэ щІидзащ.

Республикэ зи гугъу тщІы Іуэхущапі щхьэхуэ кьыщыззэгъэпэщыным теухуа Іуэхум Правительствэм и Унэм щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Хьэсанэ Руслан,** Урысейм и ФМС-м СКФОмкІэ и кьудамэм и Іэтащхьэ **Мещеряков Александр,** Федеральнэ Іэпхъуэшапхъуэ Іэнатіэм КъБР-м щиІэ и кьудамэм и Іэтащхьэ **Сокъур Олег** сымэ хэту.

КъБР-м и Правительствэм Іуэхущапі щхьэхуэм хухихащ сабий саду щытар. Ар зэгъэпэщыжьным республикэ бюджетым щыІэ сомыр мелуани 6,5-рэ хуаутІыпащ.

Ухуэныгъэ, ремонт лэжьыгъэ псорн зэфІэкІа иужь Іуэхущапі щхьэхуэ республикэ мылькум хагъэкІынурэ Урысейм и ФМС-м ирагъэбыдыпІэнущ.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

● Банк

ІэмалыфІ къахузэрегъэпэщ

Урысейм и Мэкьуэмэш банкымрэ Альфа-Банкымрэ ахъшэ щыхальхьэ, кьыщыхах я банкомат сетхэр мы гъэм щыщхьэуІум и 1-м зэгуагъэхьащ. Зэдзэрэгъу кредит Іуэхущапісэхэм Урысейм и кьалэрэ жылагъуэу 1660-м апхуэдэ щІыпІэу мин 60-м нэблагъэ щаІэщ. Банкэхэм я Visa, Master Card картэхэр зиІэхэм ахъшэ Іэрыльхьэу зыхуейм хуэдиз пщІэ лей щІамыту дяпэкІэ кьыхах хьунущ. Альфа-Банкымрэ Урысейм и Мэкьуэмэш банкымрэ я банкоматхэр зэхуэдэу кьагъэсэбэпыну иджы Іэмал яІэщ.

СЕТХЭР зэрызэрагъэУІуам банк Іуэхутхьэбэхэм хэпщІыкІыу зрагъэубгъунущ. Урысейм и Мэкьуэмэш банкым и картэхэр зыІыгъхэм Альфа-Банкым кьалэшхуэхэм щыхигъэша и банкоматхэр кьагъэсэбэп хьунущ. Альфа-Банкым дэлажьэхэми Урысейм и Мэкьуэмэш банкым, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округрэ хэту, кьэралым и щІыналъэ 78-м и кьалэ щІыкІуэм, курытхэм, кьуажэхэм щигъэува банкоматхэм ахъшэ Іэрыльхьэ щыщІыхьэну хуитщ.

Банкомат сетхэр зэрызэгуагъэхьам щІыхуэм ягъуэт Іуэхутхьэбзэхэр куэдкІэ иригъэфІэкІынущ, апхуэдэу кьэралым и щІыпІэ псоми банк картэхэр кьызэрыщагъэсэбэпыр тынш щщІыбнущ.

Кьэбэрдей-Балькъэр кьудамэм псори зэхэту ахъшэ зэрыхалъхьэ, кьызэрыхах картэу мин 61-м щІигъу кьыщагъэсэбэп, мини 10-м нэсыр мы гъэм кьыдагъэкІащ. Нобэ ирихьэлІэу Іуэхущапі 200-м абыхэмкІэ улахуэр кьыщыІах. Республикэм и щІыналъэм банкомату 30 щыІащ, и зэхуэдитІыр Налшык кьалэм щагъэуващ, 23-р зэпымыуу я мэлажьэ.

- Урысейм и Мэкьуэмэш банкым и пластик картэхэр, ахъшэр зэрызэрагъэкІуэ Іэмалу, щыкІуэм яІэн хуейщ. АбыкІэ ахъшэ Іэрыльхьэ кьахуэхэкІыщ, ЖКХ-м, щІыпІэ жьыжьэхэр кьызэщІэзыбыдэ (сотовэ) связым, спутник телевиденэм я Іуэхущапісэхэм хуэзэр яхуэтынущ, апхуэдэу я Іыхьлъхэм, я ныбжьэгъуэхэм зыщІэтэжьэунэмэ, ахъшэр псынщІэу картэкІэ зэІэпахыбынущ, - жиІащ Урысейм и Мэкьуэмэш банкым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущапісэм щызэпабж, банк лэжьыгъэхэр щызэкІэльагъакІуэ и кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ Бэрэсэч Асльэнджэрий.

Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым, картэхэм я бжыгъэм, я зэфІэкІым зэрыхигъэхьэуным Іуэхущапісэм гулыитэ хэха хуещ.

МЫСОСТ Алий.

● Аруан щІыналъэ

Бгыр къапоплъэ

Урысейм и ДОСААФ-м и щІыналъэ кьудамэхэмрэ Армэр, щыгъуэжьмэжьныгъэ-промышленнэ комплексыр дзыгъыныжькІэ урысейпсо зэщІэхьеенигъэмрэ ящыщхэм мурад ящІащ Европэм и бгы нэхъ льагэ дыдэ Іуащхьэмахуэр дзэІуэ абы и щыгум Урысейм и кьалэ лЫхьужьжьмрэ зауэлІ щыхьым и кьалэхэмрэ я бэракьэр фІадзэну.

НЫПХЭР республикэм кьашащ Фэеплъымрэ нэщхьеягъуэмрэ я махуэм ирагъэщІылА автомобиль кьэжьхьыныгъэм хэтхэм. А Іуэхум Кьэбэрдей-Балькъэрым щыщІидзащ 2013 гъэм мэкьуэдугъуэм и 17-м. Мы зэманым ДОСААФ-м и Аруан автошколым тхыдэм егъэщІылІа бэракьэру 10 щахьумэ, абы и унафэщІ Гулэжьн Беслъэн кьалэ-лІыхьужьжьхэр зауэлІ щыхьым и кьалэхэмрэ мэпсалъэ. Абы кьыхэкІыу Іуащхьэмахуэр дэкІын и пэ кьихуэу бэракьэр нэхъыбэ хьунущ.

Бгым дэкІхэм я пашэу щытынущ альпинист Іэ Шыбзыхьуэ Кьазбэч.

Абы кьыдэкІуэу я мурадщ мы Іуэхур Нарткъалэ илъэсищ зэрырикъум егъэщІылъу зэхэтыну гуфІэгъуэмэ хагъэхьэну. Районымрэ республикэмрэ я цІыхухэм ар ягъэльапІэнущ фокІадэ мазэм.

СОКЪУР Риммэ.

Махуэ къэс

Дызытехьа гъэм и яп э ильэс ныкьуэм кьриубыдэу Къэхьэн къуажэм лэжьыгъэ щыхэфІэжьхэр щызэфІагъэкІащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщІхэмрэ цІыху щхьэхуэхэмрэ я дзэпкьыгъэгъуэкІэ уэрамитІ (Поэзэм и цІэр зезыхьэ, Комсомольскэ) гъэсынныпхэ щхьэантІэр щаукъуэдияжщ. Иджыпсту кьуажэм дащІыхь узынщагъэр щрагъэфІакІуэу физкультурэ комплекс.

Кьэхьун жылагъуэ администрацІэм и Іэтащхьэ Тамбий Амир кьызэрыхигъэщамкІэ, хуэныгъэ лэжьыгъэхэр зы махуэ зэпыурыкьын, унэм и лъабжьэр ягъэхьэзырыну хунэсащ.

Гульытэщхуэ хуащІ кьуажэм и кьабзагъми: кІэрыкУ-бжьэрыкуэр махуэ хэкам тету дзэшан зэрыщІадзэрэ, хабзэм кьемызэгъ пхъэнкІий идзыпІэхэри кьэунэхуэжьыркьым.

ЛЬОСТЭН Музэ.

ФокІадэм и 1-м зыхуагъэхьэзыр

Аруан районым и курыт еджапІэхэр гъэ еджэгъэщІэм хуагъэхьэзыр.

ПСЫГУНЭСУ дэт курыт еджапІэ №2-м и класс пэшхэр кьанэ щымыІэу зыхуей хуагъэзащ: унэ лъэгуэхэр ялащ, коридорхэри кьабзэу зэрахьащ. Ремонт лэжьыгъэхэр адэанэхэм зэхуахьэса ахьшэкІэ техникэкІэ лэжьакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ кьракьэлІащ.

Школым и унафэщІ Бозий Хьэсэнбий кьызэрыщІэджиламкІэ, классхэм я унэ лъэгуэхэмрэ пхъэм кьыхэщыкІа щхьэгъубжэхэмрэ я зэхьэжьыгъуэрэ зэкІащ. АрщхьэкІэ абы ихьыну мылькур иджыпсту зэрабгъэдэмылъым кьыхэжьІу, Іуэхур зрагъэтІылъэкІащ. Апхуэдэу кьэгъэщІэрэщІэжьыр щыта Іуэхущапісэм и Іуплъапісэм.

Иджыпсту лэжьакІуэхэм Іэтъуэблагъэр зэщІакьуэ, удз гъэгъа гъэтІысыпІэхэр ягъэдахэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Ухуэныгъэ

Шынагъуэншэ ящІ

Гъущ гъэзугухэр зэгъэпэщыжьным теухуауэ кьащта къэрал учреждениэ «Нэгъуэщі кьэралхэм я цІыхуэмрэ Урысей Федерацэм и щІыналъэм ирагъэкІыжьын хуейхэмрэ пІальэкІэ щагъэпсэуну центр» ящІ.

ЛЭЖЬЫГЪЭР «РЖД» ООО-м и Прохладнэ кьудамэм и мылькукІэ кьрахьэлІэ. Иджыпсту ремонтым бригадищ пэрытщ. Абыхэм гущІ гъуэгу зэхуакуэмрэ кьуэвыІэпІэхэмрэ асфальткІэ кьращІыкІыжащ, автотранспортэр тыншу гъуэгум зэпрыкІын папщІэ «зеинокордхэр» щІэуэ ягъэуващ. Жьы хьуа рельсхэмрэ пхъэ пльэщІэдзэмрэ зяпэкІэ яхьуэжьжьну, бетон кьэхухьхэм я пІэкІэ пластикым кьыхэщыкІа пкьыгъуэхэр ягъэувынущ, гъуэгу фэбжьхэм а транспорт дыдэхэр щыхьума хьун папщІэ. Апхуэдэу льэс гъуэгухэри яуухуэну я мурадщ.

Мазэм нэсауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр мы махуэхэм яухыну щогугъ.

ЛУ Псэбыдэ.

● Лэскэн щІыналъэ

Гъуэгуанэм щынэхъ гугъуэ

Лэскэн районыр кьызэрызэрагъэпэщыжьрэ ильэси 10 щрикъум ирихьэлІэу щІыналъэм и щыхуэхэр Хазни-Башэ бгым дэкІащ. Абы и щхьэщыгум ихьащ районым администрацІэм и унафэщІым и кьуэдзэ Бажэ Дотий зи пашэ щыхуэ 30. «Гъуэгуанэм щынэхъ гугъуэр пэщІэдзэрщ. Абы щыгъуэщ дэтхэнэзэм щызэхихьыкІыр щхьэщыгум удэжьын папщІэ, уи псэр абы хуэбгъэхьэзырын зэрыхуейр», - жеІэ Дотий.

ХАЗНИ-Башэр Лэскэн щІыналъэм и нэхъ льагапІэ дыдэщ. Ар Ташлы-Тала кьуажэм и щІыбагъ кьыдэтщ.

Махуэм и кІэм, Хазни-Башэ и щыгум, метр 4800-рэ льагагъым, щыхатІащ «Лэскэн щІыналъэр ильэсипщІ ирокьу» жиІэу зытетха бэракьыр. Бгым дэкІахэм ящыщу, нэхъ жыджэру зыкьзэзыгъэлъэгъуахэм саугъэтэхэр хуагъэфэщащ.

ГУЭТЫЖ Залинэ.

Губгъуэжьыхапхъэм фыхуэсакъ!

Губгъуэжьыхапхъэм (амброзием) еБэныным екьэлІа лэжьыгъэхэр тэмэму и чэзум кьыщрахьэлІащ Лэскэн щІыналъэм.

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлІэу щыс гектар мин 22,5-р кьапщытащ. Абы хэмыхьэу щхьэхуэу елэжьащ гъавэ щІапІэу гектар мин 14,9-м. Бэдзэндырылажьэхэри Іуэхум жэуапльныгъэ хэлъу бгъэдыхьащ: зы щІы кІапи губгъуэм кьинакьым губгъуэжьыхапхъэм и лъабжьэр зыгъэгъу химическэ препаратхэр кьыщамыгъэсэбэпар» кьамыхар».

Лэскэн районым щыщу щыхуу 70 жьджэру хэтащ «Губгъуэжьыхапхъэм фыхуэсакь» республикэпсо акцэм. Абы хэм ядэІэпыкьуащ зи гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр ирихьэлІа еджакІуэхэр, медицинэм и лэжьакІуэхэр, предприятэ щхьэхуэхэр.

Егупгуу ирагъэкІуэкІа Іуэхум кьрикІуар нэрылъагъуу, амброзиер мащІэ хьуащ.

ДЫКЪУЭ Лолэ.

● Щэджэм щІыналъэ

Мэкъумылэр ягъэтІылъ

«Щэджэм» мэкъумэш предприятэм силосыпхъэ нартыхур кІэрыкуныщу кьрихьэлІэжащ.

СХПК-м мы нартыху лІэужьыгъуэм гектари 170-м нэс хухихати, бэвагъ инкІэ мэкъумэшыщІэхэр игъэгуфІащ. Ипэ ита ильэсхэм зы гектарым силосыпхъэ нартыхуу центнер 250-300 кьыгтрахамэ, мы гъэм ар 550-м нос.

Хозяйствэм и унафэщІ Щэуей Анзор апхуэдэ екьулІэныгъэм и кьежьапІэу ыкьыстІэ дунейм и щытыкІэри, иджырей Іуэху ёгъэдыхьэкІащІэхэр кууэ кьызэрагъэсэбэпри, гибрид нартыху жылапхъэфІ зэрыхасари. «Ауэ псом я щхьэр, - жеІэ абы, - зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщыкІ икІи жэуаплныгъэ ин яхэлъу Іуэхум бгъэдэт лэжьакІуэфІхэр дызэриІэрщ».

«Щэджэм» СХПК-м нэгъуэщІ кьэралыгъуэхэм кьраша жылапхъэкьым хисар, атІэ дищри ди цІыхури зэса жыхуриІэхэрщ.(«Краснодарская 291», «Мэшыкьуэ». Кьэлъытатхъэщ, бэвагъ кьаззэриритым кьищынэмыщІауэ, мы жылэхэр икІи зэпрыудыр.

Іуэхущапісм силосу «мэкъумылэ единиц» центнер 35-рэ игъэхьэзыращ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

● Май щІыналъэ

ИджырейкІэ зэрахъуэкІ

Май кьалэм дэт курыт еджапІэ №3-м и унащхьэр зэрахьуэжь.

ІУЭХУР зи пщэ иральхьа «Росстрой» ООО-м и ухуаІуэхэм я кьызэрыхагъэщамкІэ, лэжьыгъэщхуэ кьапщытыщ: шиферыкьэхэм я пІэкІэ иджырей кьуэвыІэнэр трапъэхэращ, ауэ абы и пэ ито пхъащхьэхэм хэфыкІаехэр щэкІэ яхьуэжь, мафІэсыр зэран кьызэрымыгІэхьу антисептикэмкІэ ежьжьыжьын хуейщ. Апхуэдэу яІэтынущ цхьэгуэу щыта унащхьэр.

КьыщынэмыщІауэ, жьолин и Іуплъапісэр кьагъэщІэрэщІэжьынущ, пластик щхьэгубжьэхэр халъхьэнущ.

Іуэхум текІуэдэну сом мелуани 4-м щІигъур кьэрал бюджетым кьыхагъэкІащ. Ремонт лэжьыгъэ псорн гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Бахьсэн щІыналъэ

«Хьэблэ гуфІэгъуэ»

Бахьсэн кьалэм дэт Сабий творчествэмкІэ центрым зэфІэкІыу иІэр ирехьэлІэ щыкІуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр нэгъэзыужьу зэрагъэкІуэным.

" ХЪЭБЛЭМ и гуфІэгъуэ» фІэщыгъэм щІэту зэхагъэува щыгъуэ щыІэ щхьэгъэ ящыщ щыІэ ящІ. Ар кьэфащ, кьуажэхьэхэр кьщІэзыжьыкІэ зэпеуэхэщ. Сабийхэм я нэхъ щыкІу дыдэхэмэ я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ асфальтым суэт тещІыхьыныжьмкІэ зэхьэзэуэрщ.

КьызэрэгъэщІащ кьызэрызэрагъэпэщкІэ, мыпхуэдэ Іуэхухэм я гъэсэныгъэ мыхьэнэр инщ: сабийхэм я зэхэщІыкІым зэрызыжьым и мызакъуэу, езыхэри нэхъ гъунэгъу зэхуещІ, я кум зэгурыІуэрэ гульытэрэ кьыдельхьэ.

«Хьэблэ гуфІэгъуэм» хэта псори саугъэтэхмкІэ я гъэзэгуфІащ.

НАТІЭ Лацэ.

●Шэрэдж щIыналъэ

Шэшэным къикIа хьэщIэхэр

Шэрэдж районым жыдэжру щагъэзащIэ «Кьонакъ» щIыналъэ эхуауку проектыр. Абы ипкъ иткIэ, мыбы щохьэщIэ Шэшэн Республикэм къикIаХэр.

АХЭР гуапэу зыхахащ Балькъэр Ипщэ, Ащыщджэр кьуажэхэм щыпсэухэм. Ульбашевхэ Юсуфрэ Риммэрэ я унагъуэм Хьудырмэз къикIа ильэс 14-зи ныбжь Гебердуев Амырхан, Едэнджыз Алимрэ Жаннэрэ - Первомайскэ станицэм щыщ, ильэс 16-м иТ Махтемерзаев Ислъам ирагъэблэгъащ. Зы тхьэмахуэ зэхуакуI3 шэшэн сабийхэм зыщагъэпсэхунущ езыхэм ныбжьыгъуэ якуэхуакуэу Ульбашев Альбертрэ Едэнэды Залымрэ я гъусэу, абыхъм унагъуэ IуэхуэхэмкIэ ядэIэпыкъунущ.

«Шэшэн Республикэм и Курчалой районым дэ куэд щIауэ зэныбжьыгъу зэпыщIэныгъэхэр яхудиIэщ. Дэ абы дрогушхуэ. Дыщогуть ди кIуэщ республикэм къикIа ныбжьыщIэхэм зыдригъэблэгъа унагъуэхэр, абыхъм я Iуэху зекIэжьр, щэнхабзэр ягу ирихьыну, - къыхигъэщхьэхуIащ проектыр Шэрэдж районым щыгъэзэщIэныжьмкIэ жэуап зыхь, щIыпIэ администрацэм и Iуэхуэхэр зезыхьэ Байсиев Хьэрун.

«Дэ дызэрызэрыцIыхуу зэныбжьэгъу дыхъуащ икIи дяпэкIэ фIыуэ дызэхущытынущ», - жаIэ езы щIалэхэм.

Адэ-анэхэм я фIэщ мэхьу «Кьонакъ» проектым и фIыгъэкIэ Кавказ Ищхьэрэм нэхьапэм щызекIуэу щита хабзэхэр къызэрыщIэрэщIэжынур, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр нэхъ быдэ зэрыхьунур.

Районым щыпсэухэм хьэщIэхэр гуапэу ирагъэблэгъа кьудейкъым, атIэ апхуэдэ дыдэу яфIэфIу езыхэм я бынхэри гъунэгъу республикэхэм ягъэIуащ. Бабугент щыщ Башиев Асхьэт - Iингушым, Ащыщджэр щыпсэу Бэрбэч Алихьан - Шэшэн Республикэм щохьэщIэ.

Нэгъабэ Балькъэр Ипщэм щыщ Асановхэ я унагъуэм щыщыIам хьраха хьэщIагъэшхэр гукъинэж щыхъуащ Грознэ кьалэм щыпсэу Арсаханов Тамерлан. Абы ар и анэ Маликэ хуиIэуэжащ, Ар хуабжьу зи гуапэ хьуа щыхьэным мы гъэм зэуэ иригъэблэгъащ КъБР-м щыщ ныбжьыщIитху.

КУЖОНОВЭ Эльмирэ.

●Дзэлыкъуэ щIыналъэ

IэнатIэщIэу 490-рэ

Дзэлыкъуэ районым бизнес-инкубатор щаухуэ. Абы и щIыналъэм хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэм пэрытхэм Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэнущ, щIыналъэхэм пэшхэр иратынущ.

2013 ГЪЭМ и щIышылэм Iэхуищ1апIэр ухуэн щIадзащ. Ар хьэзыр хъунущ дызыхуэкIуэ илъэсым и яп1э кварталым.

Бизнес-инкубаторым метр зэбгъуэзанатIэ мини 2-рэ 769,7-рэ кьиз3щIеубыдэ. А Iуэхущ1апIэм и фIыгъэкIэ езыхэм я Iуэху зэкъуфлэнущ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэм и Iэнатlэхэу 145-м, лэжьапIэ ягъуэтынущ щIыкIэ 490-м.

Бизнес-инкубаторыр ягъэхьэзыр федеральнэ бюджетми ахьшэ кьыхилхьэуэрэ. Проектыр сом мелуан 90-м щIигъу и уасэщ. Абыхъм ящIыщу сом мелуан 70-м нэхьрэ нэхъыбэр федеральнэ бюджетым, КъБР-м и республикэ бюджетым сом мелуани 5, адрейр районым и щIыпIэ бюджетым яйщ.

Фягу кьэдгъэкIыжынщ зэрычэтэщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ ядэIэпыкуным текуауэу щIыпI хабзэхэм япкъ иткIэ, республикэм Iуэхум щыхьыхь щIыхуи 170-м мыльокIэ зэрадэIэпыкьуар, щIилъхьэну щIыпIэхэр зэрыхухахар. Абы и фIыгъэкIэ щIыху 540-м лэжьапIэ ягъуэтащ.

Мы зэманым республикэм бизнес-инкубаторилI щIэзыщ: Налшык, Прохладнэ кьалэхэм, Баксьэн районымрэ кьалэмрэ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Нартыхум, сэхураным, тхъуийм я щытыкIэр

Дзэлыкъуэ районым и мэкъумэщIэхэм бжьыхьэсэ гуэдзыр гектар мин 2-м щIигъум щыIуахьажащ. Псори зэхэту мы гъэм хасар гектар мини 3-м ноблагъэ.

ХЭПЪУЭР и кIэм щынагъэ Шордакъ, Дзэлыкъуэдэс, Совхозэнэ, Сэрмакъ, Белокаменскэ жьыпаIуэхэм.

Хьэпщ1ийр кьанэ щымыIэу кьрахьэлIэжащ. Адрей илъэсхэм ельытауэ бжьыхьэм хасар мащIэт - гектар 325-рэ кьудейт. Гъатхэсэ хьэпщIийуэ хуэдищкIэ нэхъыбэ ящIати (гектар 1075-рэ), щыщкъэуIи п1эщIэдзэхэм ирихьэлIэу гектар 831-р кьахьжьыну хунэсащ. Иужьрей аргъынэхэр кьыщрахьэлIащ Дзэлыкъуэдэс, Сэрмакъ, Кьарэмэхьблэ.

Кьапщтамэ, мэкъумэщIыщIэхэм гъэр яхуэIеякъым: и чэзум кьешха уэщхьымрэ хуабэу екIуэкIа махуэхэмрэ я фIыгъэкIэ гъавэ бэв кьайхьлащ.

Мы щIыпIэм мэкъумылэ гъэтIылъынми щоужьрэкI. Мэкъуп1эу яI3 гектар мин 12-м и процент 70-р паупщIащ.

Зи Iухьыкыгъуэр иджыри къэмыса нартыхум, сэхураным, тхъуийм я щытыкIэр Iейкъым. Абыхъмэ бэвагъкIэ щIыгуфъ хьуну кьалыгъэ.

ПАПШУ Хьандусар.

● Щыуэпс

Зеикъуэ телъыджэ

Зеикъуэ куэажэм пэгъунэгъу лъаганIэхэм кьыщагъэта бгъуэщIагъ нэхъ иным кьыбгъэдэт Iуащхьэхэм ящыщ зыр пIрамидэ Iэрыщым зэрещхьым гу лъатащ а жьым щыщ щIалэхэм. Ахэр Тенджыз Заманэт, Соблырэ Арсен, Алим сымэщ. ЩэкIуэным пащI зэрыщымыIэм и фIыгъэкIэ ахэр ныбжьэгъу зэхуэхьуащ.

ЩIАЛЭХЭМ кьыздакIуэхьым гу лъатащ мэз Iувым щIигъэнауэ Бахьсэн хэхуэж Зеикъуэпс цIыкIур кьыздыщыщIидзэжэм пэгъунэгъуу щыт Iуащхьэм и кьыгуэупIэхэр хуумыгъафэщэн хуэдизу зэрыджафэм. Ар мывэ пхъэбгъуэм зэрызэхуэр нэхьри иэрылъагъу хуауащ, абыхъм якIэрыпщIа щIыр кьыкIэрагъэщэца нужькIэ.

Ныбжьэгъуэхэм щIыпIэр щызэпаплпыхьым, захуабзэу зэхуэгъэкIуауэ зыр адрейм и гущIыIу кьегъэщIауэ зэттель «мывэ пхъэбгъуэхэр» кьалъэгъауащ. Нэхъ гъэщIагъэныжьрацIи, ахэр зэрагъэубыдын папщIэ, абыхъм я зэхуакуэ ятIагъуэ тепIъ иIэу, ткIуаткIуэ гуэр дацIэльауэ кьыпщохьу. КьыщIебгъэгъуэ набдзэгубдзапIъ дыдэу Iуащхьэ щыгур зэпэпплыхьмэ, абы тращIыхьауэ кьыпщIыхьу теувапIэр, абы хуэзыдыжэ дждуеипIэрэ ун изгу кьыщIоуэз.

Кьуажэдэс ныбжьыщIэхэм гу зыльытатэхэм теухуауэ езыхэм яIэ Iуэху епльыкIэр кьаIуатэ Зеикъуэпс цIыкIум ищхьэхэмкIэ щыIа, лъахэхуэтэ цIэрыIуэхэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ.

- ЛьэныкьуипльымкIэ зыкьыхущIэзыIэтэ джабэхэр Iуащхьэ щыгум щызэхохьэж, - жаIэ абыхъм. - Бгым пирамидэ тепIъ нэхьри ирет ар зэрызэхэт туфэ блокхэмэ. Зэ епльыгъуэкIэ ахэр цIыхуIэм зэпиупщIа фIэкIа кьызэрыщIыхьэм щыIэкъым, я зэпыкьэпIэхэр апхуэдизкIэ джафэщ, езыхэри захуабзэу зэтельщи.

АтIэ мы Iуащхьэм и кьэунэхукIэм теухуауэ сытым дыщыгъуазэ? А упщIэм и жэуапыр иджырэ кьэзыркъым. Туфыр, зэгъэзэрыбжьагъуэ щита Iуащхьэхэр (вулканхэр) зыгъэгъуэгу бгыпхэ щIыпIэхэм куэду узыщIихьэлIэ пкыгурэущ. Ди республикэм абы кьыхьыбэ дыдэу ущрохьэлIэ Хьэрэ-Кхъуэрэ бгым и Iэгъуэблагъэм.

Совет лъхьэнэм ди кьэралым щыпсэуа геолог цIэрыIуэ Ренгэртен Владимир гу лъитауэ щытащ: «Эпщ1ауэ, зэфэзэщу кьыпщIихьу туф абрагъуэм зыкIи зэпымыща Iыхьэхэр яхэтщ, - жиIэрт абы. - Апхуэдэ тепIъэ зиI3 зэщхьэщыупщыкIа пкыгъуэхэр щыкуэдщ Зеикъуэпс Бахьсэн ГЭС-рэ я зэхуакуэ дэпь щIыпIэмэ...».

Геологхэм кьызэрапльымкIэ, пщтырыбзэу Iуащхьэм кьибыргъыкI вулкан сахуэр щIэупщIыIуэжауэ щIэзэпщIыжкIэ зэгуочри, туфым блок-блоккIэ зэщхьэщыуда тепIъэ иIэ мэхъу. Дапхуэдэу щытми, зи гугъу тщIы Iуащхьэм мы зэманым иIэ хьуа тепIъэр щIыхуэхэм я Iуэхьмэ, щыи емыщIущIэ зэрыпсэлажьэхэмэ щIыпIапIэ кьызэрыгуэкIхэми кьызэрагъэпщIугупхэм увыIэгъуэ ямыIэу зэпапплыхь, метр 80-кIэ щIепсэр щIыхьэм ущIэзыщ, иджы щIэрыIуэ хъуа бгъэунщIа-гъым. Ари, ищхьэкIэ зи гугъу тщIари Iащхьэри зи Iэдакъэщхькр хэтми-сытми иджыри зэхэтэжьа щIыкIэжьым.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

●Дэ къытхуатх

Си анэшхуэм срогушхуэ

Адэ-анэм я лейуэ гуапагъэкIэ узыIэпызышэр, укъызыкъуэгушхыкIыр анэшхуэрэ, адэшхуэрэ. Ахэрщ чэнджэщэгу, ущиякIуэ нэс пхуэхьур, сытым щыгъуи къыпщIыкъэщыжыр. Абыхъм Iэфыгъэрэ гуапагъэ зыхьыуагъащIэр уаеэ зимыIэщ. Апхуэдэщ сызэрыгушхуэ си анэшхуэ. Мы-кьуэ (Пщыгъуэ) Iыхьэ.

Мыкьуэ ХьэIишэт. *1977 гъэ*

СЫТ хуэдэ зэманми сегъэджакIуэ Iащагъэр пщIэ зиIэщ. КъэкIуэным фIыкIэ зэщыгугъ щIэблэм щIэнигъэ, хьэл-щэн дахэ яхэльхьэныр лэжьыгъэ тыншкьым. Ар пхуэфIэкIэкIыхьэ папщIэ зэфIэкIыжьмкIэ иIэм хуеIуэу кьыщIэкIыщ. Ауэ а лэжьыгъэ мытынщыр кьызэхьулIэ цIыхухэрэ куэдщ. Абыхъм ящыщу еджакIуэ Iэщагъэр зи псэм хэль, илъэс 47-кIэ ди Псыгуэнсу кьуажэ дэт курыт еджапIэ №1-м хьэлэлу щылэжьа нобэ зи гугъу фхуэсщIыну ди нэхъыжьыбфIэм.

1942 гъэ бзаджэм кьалэхуэт си анэшхуэр. Ар ящыщу адэм и Iэфыгъэрэ гуапагъэрэ зыхэзыыщIа сабийхэм. Абы и адэр Хэку зауэшхуэм ираджэри кьигъэзэжакъым. Сыт хуэдэ гугъуехьхэр игъэвами, ар кьызыхуэна и анэ Кускэ иплащ, игъэсащ, щIэныгъэ иригъэгъуэтащ.

ТекIуалIэ зиIэ нуха Хэку зауэшхуэм и гугъуехьхэр мащIэу кьызэрэнкIауэ, мамыр гущIэр щIэзэтевэжж лъхьэхэнэм ныбжьыщIэр кьуажэ школым кIуэри, ар 1960 гъэм кьнуакащ. А илъес дыдэм ар Налшык дэт культпросветучилищэм щIэтIысхьащ. Илъесищ дэкIри, ар екъулIэныгъэхэр иIэу кьнуакIуэ, Псыгуэнсу дэт школым макьамэмкIэ егъэджакIуэу ущащ. Зи щIэныгъэм адэкIи кьыпIэщыщIну, зезыгъэужьыну хущIэкъу щIыхубзым кьыкIэлыкIуэу 1967 гъэм педколледжыр кьнуакащ.

1979 гъэм РСФСР-м Просвещенэмкъ и министерствэм къэщтащ макьамэмкIэ композитор Кабалевский Дмитрий и нэIэм щIэту ягъэхьэзыра программэщIэр. Си анэшхуэм и зэфIэкIым зиужьыным ар лъабжьэ куэхьуауэ жьыпIэ хьунущ. А программэщIэм текуауэ зэдаэуэрэ куэдт, ауэ Хьэлишэт зэкъыпхьуауэ щыгъуазэ зищIри, абыкIэ лэжьэну мурад ищIащ, икIи кIэуагъэ мардэхэм я гущIэгъуэ. Абы фIыуэ я кьыхихамкIэ ар ядэгъашэрт и лэжьэгъуэм, районым, республикэм и егъэджакIуэхэм. Школым пшьхь гъэщIэгъуэнэхэр, зэIущIэхэр, семинар щхьэпэхэр щригъэкIуэкIын фIэфIт.

КъБАССР-м Просвещенэмкъ и министерствэм программэ-пэ щIэпсыкъ макьамэ хэлъ щIэныгъэ ящIыну, республикэм и макьамэ щэнхабзэ материалхэмкIэ «Родные мелодии» хрестоматиэ кьыдагъэкIащ. Абы кьыщыщхьа ятIэ классым и программэр кьыхихри, си анэшхуэ Хьэлишэт ар адыгэбзэм кьригъэтIэсащ. Ди бзэкIэ зэридзэкIа уэрэд 15 игъэхьат а хрестоматиэм.

Цыху емыIэзэщыжьм и лэжьыгъэм кьыпэкIуащ щIыхь, фIыщIэ тхьылъхэр. ИужькIэ «Цыхуфэ просвещенэм и отличник» дамыгъэр кьыхуагъэфэщащ. 1983 гъэм «ЕгъэджакIуэ нэхъыжь» цIэр кьыфIащащ. Илъес куэдкIэ хьэлэлу и Iэнатlэр зэрырихьэжкIам папщIэ 1988 гъэм «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр кьыхуагъэфэщащ.

ЕгъэджакIуэу щытыну кьэзылэжьыр гу кьабзэрэ псэ хьэлэлрэ зиIэ цIыхурщ. Апхуэдэущ си анэшхуэр кьызэрапльыри. ЕгъэджакIуэхэми, еджакIуэхэми фIыуэ я кьалъагъу, кьуажэкIэ схьэмпсэ пщIэ кьыхуащ. Абы ящыгъэджахэм ящыщ куэд и щIэблэм тригъэувэн хуэфIэкIащ. Макьамэм дригъэхьэхахэм яхэтщ си гъащIэр абы езыпхахэр. Псалъэм папщIэ, пшынауэ я хуэщ Кьэзанит Хьусен. Ар щджащ пшынауэ щIэрыIуэ Кьуэдз Абубэчыр и деж. Иджырей щIалэгъуалэм ящыщ Кьэзанит Ильяжэ Налшык дэт Гъуэгуанэм и Кавказ Ищхьэрэ институтыр кьнуакащ, телевидениэм лэжьэн щыщIидзащ.

Сэ грогушхуэ си анэшхуэм. Абы и чэнджэщхэр, сызригъэдалъэ хьыбархэр, езым и гукъэкIыжхэр зыпэсщI щыIэкъым. Сэ схуэдэу ар фIыуэ яльагъу адрей и пхуэрыльхуэ щыIуэхэми. Ар си псэр псынэу кьабзэ, си бзэр щабэ, щэбдзар зыуущI, зыгъэгуфэу нанэ Iуэфдзащ. Апхуэдэщ пщIэ зыхуэтщI ди адэшхуэрэ. Анэшхуэм я нэхъ Iэфым, дадэ Бобис кьыпкьуэту, гуфIэгъэжрэ дрэжжэгъэжрэ ущымыщIэу, дыдэдгъушхуэу куэдрэ утхуэпсэуну ди гуапэщи, ди нэхъыкIэхэм Хьэр узышащэрэ гъащIэ кIыхькIэ кьыфхуэупсэ.

ХЬЭСАНЭ Iэдэм.

●Зэхьэзэхуэхэр

Абазэ БетIал Сурдлимп чемпионщ

Щыщхьэщыум и 5-м Болгариемрэ и кьалащхьэ Софие щызэхущыкъащI дрогуэмрэ бзагуэмрэ я XXII Сурдлимп зэхьэзэхуэхэр. Абы кьэкIуэ Iуэхум икIауэ хэта спортсмен 3500-м нэблагъэр дэгуэхэм папщIэ спорт лIэужьыгъуэу 19-кIэ зэпеуащ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ исхэр щыгуфIыкIащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и командэ кьыхэхам и текIуэныгъэм, абы ди лъэпкъэгъу Абазэ БетIал зэрыхэтам кьыхэкIыу. Урысейм и командэм Германием и футболистхэр 4:1-уэ хигъащIэри, финалым Украинэм и командэми щытекIуащ.

1988 гъэм кьалъхуа Абазэ БетIал дэгуэр щрагъаджэ нитернат школу КъБР-м щыIэр кьиуващ. 2010 гъэм КъБР-м щыщ дэгуэм я командэ кьыхэхам хэту ар Ипщэ федеральнэ округым чемпион щыхьуащ. 2012 гъэ льандэрэ «Аланий» командэм (Осетие Ищхьэрэ-Аланиер) хэту мэдэжгу. А гъэ дыдэ льандэрэ УФ-м спортымкIэ щыхьэ зиIэ и мастерыр. Мы гъэм УФ-м щыщ дэгуэм футболымкIэ и командэ кьыхэхэм ираджащ.

БАТЫР Марьянэ.

●Кикбоксинг

Бразилиер къаоплъэ

Щэджэм щIыналъэм щыIэ олимп резервхэр щагъэхьэзыр Сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэнхэу Борсэ Астемырэ Жэгъуэ Фэтlимэрэ Урысейм и гуп кьыхэхам хэту кикбоксингымкIэ дунеепсо чемпионатым зыщыхуагъэхьэзыр еджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэсхэм ираджащ. Астемырэ ФатIимэрэ Европэм дунэй псомэ чемпион щыхьу хуэнэсахэщ. Мы гъэм и фокIадэм абыхъм а щIэ льапIэхэр Бразилиеми щагъэпжьыну кьапэщылIащ.

ИДЖЫСТУ спортсменхэм зыщагъаз3 тренер льапсуэ дунеепсо класс зиIэ спортым и мастер Дыщэкl Аслъэнбэчэрэ Сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и тренер-егъэджакIуэ Сасыкъ Анзоррэ я деж.

Тренерхэр ярэзы тохьуэ я спортсмен ныбжьыщIэхэм ерыщагъ яхэлъу зэрызэрагъэхьэзырым икIи шэч кьытрахьэрэкъым дунеепсо чемпионатым абыхъм зэфIэкI лъагэ кьызэрыщагъэлъэгъуэнум.

КIАРЭ Элинэ.

●Шахмат - шашкэ

«Ладья» клубым

«Ладья» шахмат-шашкэ клубым Физкультурникым и мазхуэм хуэхэа республикэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ республикэм и спортсмен 54-рэ.

ШАХМАТымкIэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ Налшык щыщ Танэ Артуррэ Бахьсэн щIыналъэм и лIыкIуэ Джэдгъэф Чэмалрэ. Ещанэ увыпIэр эдэгуэщащ Налшык щыщхэу Цораев Альбертрэ Барутчев Артёмрэ. Сабийхэм ящыщу екъулIэныгъэ зыIэрагъэхьащ налшыкдэсхэу Зурман Анжелэ, Кучинов Константин, Гороев Мухьэмэд сымэ.

ШашкэмкIэ зэпеуэм пашэ щыхьащ Щэджэм щыщ спортымкIэ мастер МафIадэ Анатолэ. Ар Iуэхуэ, ещанэ увыпIэхэр Налшык щыщхэу Дал Барэсбийрэ Геккиев Асльэнрэ яIэрыхьащ. Илъэс 16 иримыкIыжу щIалэхэмрэ хьэщIэхэхэмрэ я деж Тэрч щIыналъэм щыщ Ахэмын Адисэ текIуэныгъэ кьыщIихьащ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр налшыкдэсхэу Чыл Амирэ Шунгаров Мэсхьутрэ кьахьащ.

ЕкъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьазэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ кьаIэ комитетым кьыбгъэдэкI щIыхь тхьылъхэмрэ медалхэмрэ хуагъэфэщащ.

Къармэ Мажмудин бжьыпэр еубыд

Шахматымкlэ «Абхъаз опен 2013» Х дунейпсо зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, щыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ и 11 пщIондэ зэхьэзэхуэ зэIуха Сыхьум щекIуэкIащ. Зэпеуэм хэтащ Урысейм, Армениемрэ, Къэзахстанымрэ, Молдовэмрэ, Украинэм щыщ спортсмен 200-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛКЪЬЭРЫМ и щIыхьыр абы щахъумащ ди спортсмениблым. Хьыджэбэхэм я зэпеуэм яп1э увыпIэр кьыщихащ илъэс 11 зи ныбжь Етъэн Лианэ. Абы и дэльху Iэлихьан, илъэсибгъу зи ныбжьыщ, илъэс 14 иримыкIу ныбжьыщIэхэм я зэпеуэм ещанэ увыпIэр щызыIэрягъэхьащ.

Налшык щыщ Къармэ Мажмудин ветеран 42-рэ зыхэта зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ. Саратов щыщ проссмейстер Малинин Василий, спортым и мастер щIэрыIуэхэр хигъащIэри, Физкультурникым и махуэм хуэхьащ зэхьэзэхуэхэм ар пашэ щыхьащ.

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

●Футбол

Кэнжэрэ Брамтэрэ

Футболымкlэ хьэблэхэм я зэхьэзэхуэгъэ екIуэкIащ.

НАЛШЫК кьалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и кьудамэм, КъБР-м Спортымрэ туризмымкIэ и министерствэм, «Урысей зэкъуэт» жылагъуэ партым и щIыналъэ кьудамэу ди республикэм щыIэм зэгъусэу кьызэрагъэпэща зэхьэзэхуэхэм хэтащ Налшык и Iэдииху, Брамтэ, Искож, Кэнжэ, Ипщэ-Кьухьэпщ1э 5-нэ микрорайон кьхьэлэхэм я командэхэр.

Футболымкlэ олимп мыхьэнэ зиIэ школ хэхам и унафэщI, екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм и судья нэхъыщхьэу хэта Гугъуэт Эдуард кьызэрыджёламкIэ, яп1э увыпIэр Кэнжэм и командэм, етIуанэр - Брамтэм, ещанэр - 5-нэ микрорайоным кьахьащ. Зэпеуэм хэтащ 2000 - 2001 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIэхэр.

ДЖЭДУ Дуэсэрэ.

●Фэеплъ

Республикэм и яп1э сабий хирургхэм ящыщт

Илъэс 64-рэ ныбжьым иту мы гъэм мазаем и 20-м дунейм ехыжащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м хэта Мэремкъул Валерэ Хьэсэн и куэр.



Профессор Мэремкъул Валерэ.

МРАДЗХЭ зи куэда, кьыхихха дохутыр Iэщагъэм псэ хьэлэлу пэрыта, льагъуныгъэшхуэ зыхуиIа хирург гуэрэдэжь Мэремкъул Валерэ кьыззэрытхэмытыжрэ илъэс ныкъуэ ирокъу. Абы и фэеплъыр мыкIуэдыжынщ жыпIэкIэущыунукъым, кьыдалъхуахэм я мызакъуэу, ар я гум илъынущ иригъэджахэмэ, кьыдэлэжьхьазэм, зи узынщагъэр зэфIигъэувжажэм.

Мэремкъул Валерэ 1949 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Адыгэ щIыналъэм кьыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэралым и университетым и медицинэ факультетым дохутыр Iэщагъэм щыхуедежащ. Дзэм кьулыкъу щищIащ. 1976 - 1980 гъэхэм ар дохутыр хирургыгъ, Налшык кьалэ дэт медицинэ училищэм, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и егъэджакIуэу щытащ. Зи щIэныгъэм зезыгъэужьыну хъущIэжьу, льагаIэщIэхэм хуэпбгъэ Iэщагъэлъ1ым 1983 гъэм аспирантурэр кьнухри, сабий хирургием екъэлIа и диссертацэр пхигъэкIащ. Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м госпиталь хирургиемкIэ и кафедрэм и ассистент, сабий хирургиемкIэ курсым и унафэщI Мэремкъул Валерэ 1993 гъэм а кафедрэм и доценту хахащ.

Узынщагъэм и пльыр, еш зымыщIэ дохутыр Мэремкъулыр абдежми кьыщыувыIакъым - медицинэм щIэуэ кьыхьыхьэм зэрызэгъэуэзэным, абы зегъэужьыным и гуащIэ зэрыхилъхьэным яужь итащ. Цыхухэм я узынщагъэм и пльыр дохутыр Iэщагъэр кьыхэзыха щIалэр игъэсэ щIэныгъэкIэ Москва щыIэжьащ икIи 2005 гъэм абы и доктор диссертацэр Къэрал медико-стоматологие университетым щыхигъэкIаи. Ар щIэныгъэм зэрыгъэпсэфыжьу, мурадхэр зи кьэдгъэкIуэ гуащIафIэм педагогикэ, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ-методикэ, узышагъэр егъэфIэкIуэн я льэныкъуэкIэ зэныбжьгъэшхуэ зэфIихащ, кьэралым и медицинэ Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэхэм и щIэныгъэм щыхигъэхьащ. Абы и щIэныгъэ-практикэ щIэныгъэм и практикэ Iуэхуэгъуэхэм ятеухуауэ кьэралми дуней псоми тхьыгъэ 80 кьыщытехуащ. Иужь зэманым ар жьыдэжру хэтащ узынщагъэр зэфIэгъэувэжьымкIэ, сымаджэм еIэзэныжьмкIэ медицинэм и технологиещIэ Iэмэпсымэхэр зэхэгъэувэным, абы онкологие узыфхэхэр хьыхьэу. Хирургием и гугъуехьхэр зэфIэхьныжьмкIэ сыт щыгъуи еплыжьмкIэ и Iуэху епльыкIэ иIэжт, нэхъыбэмэ ар кьыдаIыгъащ.

Мэремкъул Валерэ Iэщагъэрэ щIэныгъэкIэ пыщIэныгъэ льхьуиIа, и егъэджакIуэу, чэнджэщагъэуу щыта цIыхуищхьэхэу медицинэ щIэныгъэхэм я докторхэу, профессорхэу Степанов Эдуард, Абыдэ Муса, Винницкий Леонид, Бурков Игорь, Шевченко Вадим сымэ, ягъэущIэхэм гуапэу ягу кьагъэжьюк Мэремкъул Валерэ. КьыхьэдгъэщыщIи, абы и доктор диссертацэм и унафэщIу щытар дызэрыгушхуэу ди лъахэгъу, РАЕН-м и иммунопатологиемкIэ и щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым и унафэщI, академик, АМАН-м хэт Абыдэ Мусащ. «Гурэ псэкIэ» зи Iэщагъэм етауэ щыта Мэремкъул Валерэ хуэдэ дохутыр нэс иджыри кьытрахьэныж куэдрэ дыпэплъэнкIи хьунущ. Ар ещI зымыщIэ, кьэхутэныгъэщIэхэм хуэпбгъэ цIыху телыджэт», - жаIэ естественнэ щIэныгъэхэмкIэ урысей академием и унэмхэт Кузнецов Олег.

Зэ мыхьуми, ирехьу ар сыт хуэдэ льэныкъуэкIи, Мэремкъулым хуэзам, ар гуапэу игу кьимыынэкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ар кьырикIуэрт абы и Iэщагъэм, щIэныгъэм, и Iуэху бгъэдыхьэкIэм, дэпIащэгу гумызагъагъэмрэ цIыхугъэ лъагэмрэ. Валерэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и яп1э сабий хирургхэм ящыщ зыщ, Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым и хирургыгу щытащ (2005 гъэ пщIондэ). А кьэралкIэзэнэ Iуэхущ1апIэм и гупми ящыгъуэщхьэрыкъым Мэремкъулыр. «Валерэ зи Iэщагъэм хуэIэжьь, чэнджэщэгъуфI дохутыр тельыджэт. Ар унэтIакIуэ Iуэхуэзэджэт, абы и ущие кIуэ1гъащIэм, лъжьыгъэм сэбэн кьыщысхуэхьауащ», - ягу кьыгъэкIыж сымаджэщым и сабий эндоскопие кьудамэм и унафэщI, сабий хирург Елчэпар Хьэсэн.

ТхакIуэ Сухомлинский В. А. и «Сердце, отданное детям» Iэдакъэщ1экIыр зытеухуар Мэремкъулым хуэдэ дохутыр Iэзэхэрауэ кьыщIэкIынщ. Зэгуэрым кьеупщIат Валерэ «Гъащ1эм сыт уи дежкIэ щынэхъыщхьэр», жаIэри. Абы жэуап кIэщу иритащ: «Гъащ1ыгъэщхуэ зыхуэзиI3 сабийхэрэ».

БлэкIа зэманым иту Валерэ и щIэр кьыдэхэтащ гур хегъащI. Гъащ1э кIыхь кьыхуимыухами, Тхъэшхуэр унагъуэ насыпкIэ зыхуэупса, лъжьыгъэрэ IэщагъэкIэ льэужьыкIуэу кьэгъуэгурыкIуа адыгэлI нэсщ си кьуэщIу (дэ зэкъуэшитIым драбынщ). Ар зи нэгум щIэтынхэрэ, абы и фэеплъыр зи гум щыпсэунухэм сэри сащIащ. ПIэщIыгъуэ ныкъуэм нэблагъэкIэ си лъахэм сыпэIэщIэу дэз кьулыкъу Iэнатlэм пылщIауэ кьекIуэкIа сэ республикэм кьэзгъэзэжа нэужь ди адыгэбзэмэ, хабзэмэ сыхэзыгъэзэрэзэжар Валерэщ. Абы ди анэдэлъхубзэкIэ кьыдэкIа тхьылъэр яхьсэхэрт, бзэр сIэщIэмыхуэ пащIэ.

Псэуащ, щыIащ, лэжьащ... Зи цIэр блэкIа зэманым иту кьэхтэ си кьэушIыр, мыхьэ-мытIэу кьызэрыхэдгъэщащ, льэужьыкIэу дунейм тета цIыхуц. И унагъуэкIэ зэкIужщ, бынитI иIэщ. И щIалэ Андемрэ Валерэ банкирщ. Илъэу Марьянэ адэм и льэужьым ирикIуащ, дохутыр Iэщагъэр кьыхихащ, невропатологщ. Зэдэльхуэзэшьпхъуэр унагъуэ дахэу мэпсэу. Абыхъм щапхъэ яхуэхъуауащ а адэшхуэ Мэремкъул Хьэсэн. Ар Тэрчокъуэ Кьамболэт зи унафэщI, Адыгэрэ Кьэрэшей-Черкесиеми и щIэкIэ щыIа колхозым ильэс 40-кIэ бухгалтер нэхъыщхьэу щылэжьащ. Бзэ Валери, и бынхэми гъащIэм щызыIэрагъэхьа екъулIэныгъэхэр псом япэ зи фIыщ, сыт щыгъуи ахэр ядэIэбгъэ щхьэгъуэ пэж, ани гумащIэ, унагъуэм и гущIэ Лидэ дежкIэ хьэльащ и гъащIэ гъуэгур и кьызэрыкъуэмытыжькъым. Ауэ иIэщ и льэужьым пызыщIэн щэбли - ар насыпщ. Мэремкъул льэпкъыр дызэрыгушхуэ Валерэ мазаем и 20-21-рэ жэщым дунейм ехьжри, мазаем и 22-м и кьэрыльхъ кьыщхьэб цIыкIур дунейм кьэхтехьащ. Адэшхуэм и фэеплъу и кьыжьэ1эр абы «Валерэм» и яп1э хьэрфитIыр пагъэхуэри, Лерэ фIащащ.

ЗэрыкьытIащи, мы махуэхэм мазих хъунущ пщIэ зыхуэтщI, зыпэтщI щымыIэу фIыуэ тельагъу ди кьуэшыр кьызэрытхэмытыжьэ. Псэ зыIут дэтхэнэми кьыпэплъэ адрей дунейм кьыщыхуэта Валерэ и ахьэрэтыр нэхурэ дунеягъэкIэ кьэмыхуапсэу и гур щигъэтIылъыну, жэнэт унапIэ хуэхъуну Тхьэм жиIэ! Ар тщыгъупщэркъым икIи сыт щыгъуи тщIыгъуащ.

МЭРЕМКЪУЛ Лиз.

●Гу зылъытапхъэ

Зэпеуэм къыщыхах

Федеральнэ кьэралыбюджет щIэныгъэ Iуэхущ1апIэм - Урысейм Щ1эныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис



● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Насыпыр зэрызэхэльыр

Ныбжьэгъуэм нэхъ льапІэ щыІэкъым; абы ипкъ иткІэ ныбжьэгъуфІ щызэвгъэпэщын Іэмал зэи блэкмыгъэкІ.

ГВИЧЧАРДИНИ Франческэ.

Цыху хахуэр бийм щышынэркъым, ныбжьэгъуращ зыгъэдзыхэр.

РЮНОСКЭ Акутакавэ.

Насыпыр - пщІэн, фІыуэ пльагъун, узыщыгугъын ущиІэм дежщ.

БОГУСЛАВ Войнар.

Уи зэфІэкІыр зырикІщ, Іэмал ущымыІэм и деж.

БОНАПАРТ Наполеон.

Цыху щэджащэ ухъун щхьэкІэ гъащІэм кыббгъэдилхьэ псори нэсу къэбгъэсэбэпын хуейщ.

ЛАРОШФУКО Франсуа.

Щымыуэр зыри зымыщІэу жейращ.

КАМПРАД Ингвар.

Цыхур къыщІальхур и акъылкІэ псэун щхьэжэІщ.

ТОЛСТОЙ Лев.

Мы усэ цыкІуитІыр зытха Къандур Зейн КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щыщ фотомодель цІэрыІуэщ. Зейн Амман къалэм щопсэу, куэд щІауэ литературэм дехьэх, и усэхэр тхыль щхьэхуэу кыдэкІащ.

КЪАНДУР Зейн

Абджынэ

Сыт щыгъуэ зэманк
Пхыпльыф сэх-сэрейм.
Пхыпльыфи абджынэм,
Къэгъащ1 уи дуней.

Тхъэ закъуэрщ зыхуЛъэкІынур
Псэм и къарум пэлъэщынщ...
Абыи лъэкІыну ар?
Уэ пхуЛъэкІыну ар?

КъыжкеІэ пхузэфІэкІыну,
Си фІэщ щы пхулъэкІыну...

А уи гуфІэкІэ нэпцІыр...
А уи псэлъэкІэ нэпцІыр...
ПцІы защІэу зэхэлъ дунейм
Пльагъу закъуэрщ уи фІэщ щІын хуейр...

Ар пэж?

Ар пэж? -
Дунейм екъжахэм я псэхэр
Къэпсэужрэ, зыми имыщІэу,
Сабий кэ кугъуэхэм я лъащІэр
Зыгъэпщкіупіэ ящІыжрэ, псэухэу?

Мы ди гъащІэ гъэпцІагъэ дыджым
Си щхьэфэцыр къысфІегъэтэджыр,
Лъынтхуэ къэскІэ, сызэщІикъуэзу,
КъысфІыхохьэ шынагъэ узыр...

А гупсысэм и нэщхъеягъуэр
Си Іэпкъльапкъым хьхьащ техьэгъуэу...
Зэщхьэщимыхуу си акъылыр,
Согъэщ1агъуэ сыкъызэрелыр...

КхъыІэ, сынишыж мы гъэрыпІэм,
Мы си гъащІэм и щыгъушысыпІэм
Сыхэпшыж...
Иджыри кІасэкъым...
Уехыжыну дунейми - пасэкъым.

Щхьэхуимыбтмэ, гур пхуэмыуцэ -
Сэ сожьжыр, фыщыт узыншэу!

● Гупсысэхэр - псалъэкІэ

Гъунэ зимыІэ фІыгъуэ

МылІэжьын щыІэкъым. Цыхур псэуху зытелэжьэн хуейр лъэужь дахэ дунейм къыІэрытринэнырщ. Апхуэдэу псори фІы зыщІэ защІэ хъуатэмэ, а фІы защІэкІэ зэщІэнэхукІ псоми дахагъэкІэ кьахэлъдыдыныр псоми зыгуэркІэ ефІэжь зырызырт. Ар зэкІэ хъуэпсапІэ дахэмэ, гъэщІэгъуэнщ, фІы фІэкІа Іей щымыІэжу пльагъуну. Ауэ апхуэдэу щы хъурейм щызэрахьэр ефІэкІуауэ щытамэ, фІым нэхъыфІыж щымыІэу зэи къэхъунутэкъым. ФІым и фІыжым щІэхъуэпсу цыхур зэ хьуну пІэрэ, я гум Іей лъэпкъ къэмыкІыу? Дунейр гъэщІэгъуэныщ хъунт!

Дунейр къутэжыху

Гуапагъэ щыІэмэ, пхуэмыгуэшын щыІэкъым. Унэр, дыщыпсэу пщІантІэр, уэрамыр, кьаралыр, дунейдыдэр - псори гуэшащ Іыхьэ-Іыхьэурэ, цІыху къэс и Іыхьэ кьыпльсу.

ФІы защІэкІэ пхуэмыгуэшын гуэрэ щыІэкъым. Зэдауэ-зэзауэ хэмыльу, дахэкІэ дыззэгурыІуэн хуей кьудейуэ араш. Ди ужь итхэм кьахуэдгъэнэфынурэ аращ - ди фІагъыр е ди Іеягъыр. Дунейр къутэжыху псэун щІэкъым. Ди дунейр дахэ щхьэ дымыщІрэ?!

НЭХУЩ Хьэжагуэ.

Къэкіыгъэціэхэр

● Фэ фщІэрэ?

Къандэлыкъу - рододендрон кавказский
Зей - кизил обыкновенный
КІапЛэудз - мята
Джагэ - пажитник
Бзыиху - липа
Гуэгушынэ - мышиный гиацинт
Вэбдз - вех ядовитый
КІэфий - дрема белая
Къазмакъей - облепиха крушиновидная
Арусыр - горец перечный, водяной перец
Чэтэн - лён обыкновенный
Чэщей - самшит
Хьумбылей - хмель обыкновенный
Псыльэуд - хвощ
Пкъынэ - бальзамин
ПкІей - клён.

ХЬЭКЪУН Барсэбий.

● Шхыныгъуэхэр

Джэдыл гъэва-гъэдия

Джэд укІа гъэкъэбзар псы щІыІэкІэ ятхъэщІ, кІуэцІфэцІыр зыхуей хуагъазэ, зэпкърамыхыу псы хуабэм халъхьэ, зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрах. МафІэр цІыкІу ящІри, шыуанащхьэр тепІауэ дакъикъэ 40 - 50-кІэ къагъавэ, зэзэмызи тхъурымбэр къытрахьырэ. ИтІанэ бжьынащхьэ укъэбза, шыгъу, бурш мыхьэжа, шыбжий сыр зэгуэпщІыкІа халъхьэ. Абы иужькІэ джэдылыр хьэзыр хъуху ягъавэ, эпсым кьыхахьыжри ягъэупщІыІу. Лэнсыр язык. Іэнэм щытрагъэувэкІэ, джэдыл зэпкърыхар тепщэчым ираЛъхьэ, шхурэ шатэкІэ щІа бжьынныху шыпс дыщІагъу. Дашх пІастэ щІыІэ, чыржын, щІакхъуэ.

ХалЛъхьэхэр (цІыхуий Іыхьэ):

Джэд гъэкъэбзауэ - 1 (г 2500)
Псыуэ - грамм 3000
Бжьынащхьэ укъэбзауэ - грамм 100
Буршу (хьэдзэу) - 5
Шыгъуу, шыбжий сыру, бжьынныху шыпсу - узыхуейм хуэдиз.

Нартыху хьэжыгъэ жэмыкуэ

Шыуаным псы щІыІэ иракІэ, абы джэдыкІэ кугъуэ уда зыхэлъ шатэ хакІэ, фІыуэ зэІащІэри, мафІэм трагъэувэ. ЗэІащІэуэр дакъикъи 5 - 6-кІэ къагъавэ. АджкІэ нартыху хьэжыгъэ ухуэнщІар хаудэри, тхъу къыщІидзыху, дакъикъи 10 - 15-кІэ, зэІащІэуэр ягъажьэ. Хьэзыр мэхъу щыжаІэм, зэІащІэуэр, кхъуей цІынэ упщІэта халъхьэ, шыгъушыпс щІыІэ хакІэ. Пщтыру Іэнэм трагъэувэ, шху щІыІэ и гъусэу.

ХалЛъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):

Псы щІыІэу - грамми 100
Шатэу - грамм 500
ДжэдыкІэ кугъуэу - 1
Нартыху хьэжыгъэу - грамми 115-рэ
Кхъуей цІынэу - грамм 40
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кІитхъжащ.

● ГушыІэ

Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр

ПсэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэрыт тхылъымпІэр къызыхуахьа ЛІым игъэщІагъуэу пщэфІапІэм щІэт и щхьэгъусэр кьреджэ:

- Линэ, мы сІэщІэлъ тхылъымпІэм тепщІыхьмэ, ди пхъынкІийхэр «Лексус»-кІэ Іуаш, ди щІыхьэпІэбжэм хэлъ домофоныр роуминг, ди пщІантІэр къзэыпхъэнкІыр администрацэм и Іэтащхьэраур хуэбгъэфащэ хьунущ.

ДУДЭ Еленэ.

Зыми емыщхь Китайр

● ЗекІуэ

Урысейм и цІыхуэр нэхъыбэрэ зыгъэпсэхуакІуэ здэкІуэ къэралищыр дэнэ жаІами - Тыркур, Таиландыр, Испаниер жысІэнут. Ауэ ар пэжкъым. Ди лъахэгъу нэхъыбэм зыщагъэпсэхур Финляндиерщ, Китайрщ, Тыркурщ.

Китайм туристхэр зэзэрищэлІэфымкІэ дуней псом ещанэ увыпІэр щеубыд. Ар кьызыхэкІыр абы щыІахэм нэгъуэщІ планетэ лъэтауэ къаззэрыщыхьурщ. А къэралым щекІуэкІ гъащІэри, хьэуари, я щхьныгъуэхэри нэгъуэщІщ. Уебгъэмэ, китай хьэпшыпхэри дагъуэнщэщ, нэхъыфІхэр хамэ щІыпІэ ямышэу езыхэм кьызыхуагъэнэж хуэдэщ.

Китайм ущыкІуа япэ махуэм пшхын, уи ныбэ из зыщІын щумыгъуэтын хуэдэу кьыпщохьу. ШхапІэм ущІыхьа нэужь, абджьым кьыхэщІыкІа стІол хъурей кІэрахьуэм телъхэм ущеплькІэ, укъоуІэбжь: ананас гъэжьа, бдзэжьей тефтель, гинкго жыгым кьыплькІэу джэшым ещхь гуэр, хъарбызыр помндорым бгъурылъу (китайхэм помидорыр пхъэщхьэмыщхьэу кьалъытэ), кІэртІоф кьызэрыгуэкІри кьыпхэущхьужьнукъым, карамелым хакуьхурэ ягъажьэри варенэ тракІэж, кьэлэр зыдэльтэ псыхьэлывэ, медузэ, лотос хуэдэхэм я гугъу сщыхьэркъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр: китай пащтыхьхэр зэрагъэхьэщІэ Іэнэм хуэдэ кьэбгъэздрэ упэрыгІысхьэмэ, зы цІыхум хуэзэу юанин 100 (сом 500) кьудей щІэпІыну аращ.

Китайм кьипшынкІэ хъуну тыгъэ нэхъ льапІэ дыдэр, дауи, шейщ. Ауэ ятэ къэшейр зыми фІэщІэщыгъэнукъым. Сэ мурад сщІат си ныбжьэгъум Лю Ань Гуань. Ди шей кьыхуэдэсхьну. Апхуэдэ фІэкІа ефэрэкъым жьы хъуа нэужьи дахэу, узынщэу псэуа китай пащтыхьгуащэ Цыси. Ар къащэхунми фІыуэ зыхуэзэхъэзырат, ныбжьэгъу схуэхъуахэм шеим и цІэр китай нероглифхэмкІэ езгъэтхри мелуан бжьыгъкІэ къэралым щыІэ шей тыкуэнхэр кьызэхэскІухьу щІэздзащ. Китайм шей кьыщыщэхуныр гупсэхугъэщэ, абы урагъэплъ, урагъэпэм кьудейкьым, атІэ занщІэу, хабзэ псомп тету шей кьыпхуащІри, урагъафэ. Ауэ а къэралым кофе кьыщыбгъуэтыныр тыншкъым, уеблэмэ, хьэщІэщ нэхъ ехьэжьа дыдэхэми щыІэкъым. Кофеншэу мыпсэуф урысей туристым кьыхуэнэжьыр зыщ - кофе здишэнырщ. АтІэ зи гугъу сщІа шейр куэдрэ кьэслъыхуащ Пекин щегъэжьауэ Цендао (генджьэ Гъуэжьым и Іуфэм Іут кьалэщІ) нэс. Дэнэ сыІуХьэмэ жэуапу зэхэсхырт «Мейо!» («ЗэкІэ диЭкъым»).

Пащтыхьгащэм и шейр кьыщызгъуэтащ Пекин дэт Іянмацио сату центрым. ГурыІуэгъуэ ар дзэ дежи щыщамышэр - щеІуд ІэдэІ грамми 100-м сом 5 000 и уасэт. Си ныбжьэгъухэм кьызжаІащ пащтыхьхэри пащтыхьгуащэхэри зэфэу щыта шей зэмылІэужьыгъуэ куэд, ашыкьшыхэ из хъур, сом 500 хуэдизкІэ кьызэрыщІэхуфынур.

Китайм ун закъуэ укІуэу зыщуплтыхьхьи папщІэ виз хуэейщ. Виззншэун укІуэ мэхъу, абы щыгъуэм гупым уахэтыну аращ. Апхуэдэу нэхъыфІщ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, гъуэгугъэпльагъуэ сыт щыгъуэ пщІыгъунущ, щы-хуитхуу узэгъуэсэнущ, махуэ 15-кІэ зуплъыхьынущ.

Китайм и хьэщІэщэр кьабзэщ, Іэхуитпльхуитщ, европей мардэхэм ящІагъэ. Номерым сыт щыгъуэ щІэтщ электроншейыч, шей зэрыбгъэвэн, узэрефэн хьэкъущыкъу. Сыт щымыІэр жьпІэмэ, Wi-Fi щыбгъуэтынукъым, Интернетым унхьэн хуей хъумэ, и лъабжьэм укъехьу кІапсэкІэ уи компьютерым пыпщІэн хуейуэ аращ. Китайм ущыІэху фейсбукыр зыщыбгъэгъупщэ хьунущ, ар а къэралым щагъэлажьэркъым. КьыщынэмыщІауэ, иджыри зы щхьэхуэныгъэ щыІэ: узыщІэс номерым и бжьыгъэр «8»-кІэ кьыщІидзэ щхьэкІэ, ар еянэ кьатым щыІэкъым. Кьатыр кьэзыгъэльагъуэр етІуанэ бжьыгъэращ. 8-р китайхэм бжьыгъэ насыпыфІэу кьызэральытэм щхьэкІэ пагъэузэу аращ.

ДУДЭ Еленэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **9.** Хуабжьу сакъ зи хабзэ, щакІуэхэм щІагъэуэу закъуэ хьэкІэжьыкІэ. **10.** Пасэрей Урымым (Рим пащтыхьыгъуэ) я пащтыхь Юлий Цезарь зыуКІахэм я пашэ. **11.** ГъатхэкІэм, гъэмахуэпэхэм Іэрамэ хужьыбэ дахэу зи щхьэкІэр гъатэ, бжьым фо кьызыпах жьыг. **12.** ТхъуцІынэ щІэпхумэ, кьанэ рыпш. **13.** Зэгуамыгъэжу псэущхьэм траха фэ. **14.** Сауд Хьэрэрып къэралыгъэм, Эмират Зэгуэтхэм, Йеменым я гъунапкъхэр зэуалІэ мусльымэн къэрал. **17.** Хабзэншагъэ зылжьахэр адыгэм зрадзэу щыта мащэ куу. **18.** Іэщщ, шым яльагъу мыхъу бадзэжь. **19.** Хьэкъущыкъу. **20.** Гъэсыныпхъэ. **23.** ХадзэкІ. **24.** … дзыусщ. **25.** Чы щІыкІэ кьыуамыгъэшар … хьуамэ кьыпхуэгъэшыжьркъым. **30.** Къуалэбзухэм, джадкъазым ятет щы щабэ. **32.** Хадзм зэрилжьыхь. **33.** Сабийхэр ирагъэгуфІэну Илъэсыщ1эм унэм щІагъэувэ жыг. **34.** Дыгъэ … е нартыху … **35.** Уиэм щыщ Іыхьэ е Щоджэнщ1ыкІу Іэдэм и повесть «… нэху». **38.** Джэд … и пщІыхьэгъущ. **43.** Цы закъуэ. **44.** Ди щІынальэм щыІэ псыежэх. **47.** Кьурш льэныкъэмкІэ кьрикуу якъ щІыІэтыІэ. **48.** Гъущ1 зэтеІулІа, зэтегъэува. **49.** Зиусхьэн лъэпкъ. **51.** Іэщым я щІымахуэ щхьын. **53.** Пасэрей адыгэ зэхуэс. **54.** Жэм Іус. **55.** … уэрэд. **56.** ЦІыхубзхэм (цІыхухьу куэдми) къыздрахьэжкІ хьэпшыпцІыкІу. **58.** Кавказым щыпсэу нэхъ лъэпкъышхуэхэм ящыщ, мелуан зыбжанэ хъуу. **60.** Тафэ, щІыпІэ сэтей, гъавэ щІапІэ. **61.** Ильэс 18 зи ныбжь щІалэр армэм дэкІащ къэралым … хуищІэну.

Къехьу: **1.** Удзыжь зыкъыпкІэрызыщІэ. **2.** ЩІэжьей е къаз …, е дждду … **3.** Дыщэ … хуныкъуэкъым. **4.** Адыгэ лъэпкъ. **5.** Игъуэ нэмысу дунейм екъжа къэбэрдей усакІуэ щІэрыІуэ. **6.** ЦІыхуэ хьэлэл. **7.** Удз … е щхьэц … **8.** Гъуэгу техьэ … **15.** ГушыІэр … и щІасэщ. **16.** Нартыхур бгъэльальэмэ, ар кьоиэ. **21.** Бзу … **22.** Іэщ цІыкІу. **24.** Сэм и жанымІэ е Іэщэкі Іэ зэщІэузэда къарухэр. **26.** Пасэрей хьэбарегъащІэ. **27.** Гъунэгъуэхэм яйм хэмыгъуэнкІи пащщІэ дждкъаэзым традзэ дамыгъэ. **28.** ХьэгъуэлІыгъуэ зиІэ унагъуэм йохьуэхьу: «… кІыхь Тхъэм фхуищІ!» и пщІыхьэгъущ. **43.** Цы закъуэ. **44.** Ди щІынальэм щыІэ псыежэх. **47.** Кьурш льэныкъэмкІэ кьрикуу якъ щІыІэтыІэ. **48.** Гъущ1 зэтеІулІа, зэтегъэува. **49.** Зиусхьэн лъэпкъ. **51.** Іэщым я щІымахуэ щхьын. **53.** Пасэрей адыгэ зэхуэс. **54.** Жэм Іус. **55.** … уэрэд. **56.** ЦІыхубзхэм (цІыхухьу куэдми) къыздрахьэжкІ хьэпшыпцІыкІу. **58.** Кавказым щыпсэу нэхъ лъэпкъышхуэхэм ящыщ, мелуан зыбжанэ хъуу. **60.** Тафэ, щІыпІэ сэтей, гъавэ щІапІэ. **61.** Ильэс 18 зи ныбжь щІалэр армэм дэкІащ къэралым … хуищІэну.

Къехьу: **1.** Удзыжь зыкъыпкІэрызыщІэ. **2.** ЩІэжьей е къаз …, е дждду … **3.** Дыщэ … хуныкъуэкъым. **4.** Адыгэ лъэпкъ. **5.** Игъуэ нэмысу дунейм екъжа къэбэрдей усакІуэ щІэрыІуэ. **6.** ЦІыхуэ хьэлэл. **7.** Удз … е щхьэц … **8.** Гъуэгу техьэ … **15.** ГушыІэр … и щІасэщ. **16.** Нартыхур бгъэльальэмэ, ар кьоиэ. **21.** Бзу … **22.** Іэщ цІыкІу. **24.** Сэм и жанымІэ е Іэщэкі Іэ зэщІэузэда къарухэр. **26.** Пасэрей хьэбарегъащІэ. **27.** Гъунэгъуэхэм яйм хэмыгъуэнкІи пащщІэ дждкъаэзым традзэ дамыгъэ. **28.** ХьэгъуэлІыгъуэ зиІэ унагъуэм йохьуэхьу: «… кІыхь Тхъэм фхуищІ!» **29.** Кьузанокъуэ Жэбагъы и фэеплъыр зыдэт кьуажэ. **31.** Адыгэ фащэ щІыІуТель. **33.** Іэнэм тель ерыскъыр лІы домбей мэжэлІам … хуэхьуакъым. **36.** БжэІулъэ. **37.** Ди республикэмэ, кьэралми, ногъуэщІ щІынальэхэми щикъухьа лІъэпкъ. **39.** Щыгъынымк хищІэ хьэпІащІэ къзэыпльэтыхь. **40.** Гъэшхэкі. **41.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэ усакІуэ. **42.** Банэ зытет удзыжь. Іэщым яшхыркъым. **45.** Хьыджэбз ирахьжьамэ е Іэщ, щы гуартэ ирахужьамэ, кІэлъыщІэпхъуэ гуп. **46.** Акъыл зэпІэзэрытым хуэзэм щІалэ ящыщІ. **50.** Цы кІэщІ щабэ зытет щэкІ Іув. **51.** Аруан районым хиубыдэ кьуажэ. **52.** А уэнэІэр эзрахьэ: Шумахуэ Хьэзрэ-Іил игъэзащІ» «Уэрэ сэрэ» уэрэд цІэрыІуэм и псалъэхэр зытха журналистусакІуэм; Кьэбэрдей-Балъкъэр Правительствэм и Унафэщ1ым и къудзэ .. Мухьэмэд. **53.** «Си ныбжьэгъуэм сахэплъамэ, щэхуурэ сохъуапсэ, сэ си закъуэ фІэкІ кьэнакъым зимыІэ щхьэгъуэсэ, … - Іыхьэншэу, сыщхьэгъусэншэу, ильэсэхэр макІуэ, ой-ра» - Балэ МухьэдинрэМысачэ Петррэ я гушыІэ уэрэдым, ПащІэ Ахьмэд игъэзащІэм щыщщ. **57.** Жьэ бзаджэ зыщІэт щІыху. **59.** Ватикан кьэрал жьгъэйр зыдэт кьалъэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩыщхьэуІуи и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Гуэныхь. **6.** ЕнтІыр. **10.** Сурэ. **11.** Бел. **12.** ПщІым. **14.** «Нанэ». **15.** Ибэ. **17.** Нау. **19.** ІутІыж. **20.** Щыбын. **21.** Вабдзэ. **23.** Шэмэдж. **26.** Хьуэр. **27.** Кьуий. **28.** Кьаз. **33.** Апэсы. **34.** Махуэку. **36.** Пшапэ. **37.** Самэ. **38.** Кьру. **40.** Кьэб. **41.** Сэмб. **44.** Кьуныжь. **45.** «Нур». **46.** Кьады. **47.** Бзыгъэ. **48.** Бытыр.

Къехьу: **1.** Хьэкъурт. **2.** Тхъэбзэ. **3.** Берлин. **4.** КъыпцІэ. **7.** Псынабэ. **8.** ГъумэтІымэ. **9.** Фонащэ. **13.** Мэжаджэ. **16.** Бэв. **18.** Ажэ. **22.** Бинхку. **24.** Кьурш. **25.** Пхъы. **29.** Шапсыгъ. **30.** Кьэрмокъуэ. **31.** ЖьаКІэмыхьу. **32.** ПІэмбыгІ. **34.** Мер. **35.** Кугъуэ. **39.** Уэнщэку. **40.** Кьэрабэ. **42.** Гъыбзэ. **43.** Лашын.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪЭКІЫМЫХЬУ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжькъаро Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэ.**

КьыдзэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5, ебгъуанэ, ещанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозреватель хэм - 42-22-89; хабзэхьуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм я пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ●